

CHIKONZERO SEI
NDICHIPESANA NE CHINAMATO
CHAKAITWA SANGANO



Maita henyu, Hama Neville.

Garai zvenyu pasi. Chekutanga, ndanga ndakabatikana kwazvo nhasi zvokuti ndatopotsa kushanyira vamwe varwere. Panga paine vamwe vanhu vanga vari vekuonekwa pachivande vachida kunamatirwa, vandanga ndichifanira kusangana navo. Asi zvino vamwe vavo . . . rimwe remapoka acho, ndinotenda Billy ati vanobva kuCanada, nzvimbo mbiri kana nhatu dzakasiyana. Zvino, vanouya muno, munoziva, uye vogara mumahotera nemamotera kazhinji nguva dzose. Uye ndinoenda kundosangana navo, ndonosangana navo ndovanamatira vauya vachibva kwose-kwose vachibva kumativi ose enyika, uye Asia, Europe uye kwose-kwose. Zuva nezuva, kana tiri pano, vanhu vari kuuya. Pane vanopfuura mazana matanhatu pane vakanyorwa pasi, vakamirira . . . kuhurukuro dzepakavanda, uye saka zvinozviita kuti zvive zvakati omei. Asi vanhu vari kurwara chaizvo nevari munjodzi vanofanira kunamatirwa, manje, ndinoedza kusangana navo.

² Kungoti, hazvo, kubva pandanga ndirimo neboka rematirastii, pamusangano mudiki neboka rangu rematirastii pano pachechi, tatosangana nguva shoma yapfuura. Zvino panguva iyoyo izvozvo zvabva zvangotorera imwe awa nehafu, uye panga paine vamwe vanhu vanga vachifanira kunge vari pano panguva iyoyo kuti vanamatirwe. Kana vari pano, ndingada kuvanamatira panguva ino. Saka, kana vachida, avo vanhu vanga vachifanira kunamatirwa, zvakanaka, kana vakangouya kumusoro zvino apo anoridza piyano, chero angava ani, achauya uye—uye otipawo kodhi diki ye “Murapi mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Zvino avo vari kuzonamatirwa, kana vachida, kuti vange vari vangani handizivi. Uye ndimi hama, ndinofungidzira. Hama, ndatambura zvakanyanya mumuviri mangu. Jesu wakatakura mumuviri waKe, kutambudzika, kuti Ave mhando chaiyo yeMurevereri, nokuti iYe zvaive ari Mwari akaitwa nyama kuitira kuti Atambudzike. Ozogona kunzwa marwadzo ehutera. Uye ndosaka Akauya kuzoita yananiso. Uye mune izvi Akaraira Chechi yaKe kuti ienderere mberi nebasa raKe.

³ Uye ndine—ndine ruremekedzo rwepamusoro kubasa rezvokurapa, rekuvhiya nezvimwe zvakadaro, avo—avo

nezvipo zvavakapihwa naMwari kuti vaite zvimwe zvinhu zvakatsaurwa kumuviri, kuvhiya nekubvisa mazino anenge aipa, nezvimwe zvakadaro. Ndinozvikoshesa izvozvo. Asi inosvika nguva pazvinodarika ruzivo rwavo—rwavo, ivo—ivo havazozivi zvekuita. Maona? Uye ndinofunga, ipapo, tine kodzero yakakwana, sezvatingaite panyama, kana taenda kuna chiremba wemhuri yedu, pamwe chi—chiremba ari kunze kumaruwa, mumwe chiremba akanaka wekare anotakura mwenje uye ofamba nemumunda nehusiku, kuti akuwane, kuzokurapa. Uye kana akatadza kuziva, anoenda kune mumwe munhu ari pamusoro zvishoma kupfuura iye. Achakutumira kuna mazvikokota. Uye zvino kana mazvikokota asingazivi, ndi—ndinofara kuti tine rumwe rubatsiro, Chiremba mukuru.

⁴ Uye haAkundikane, Uyu haAkundikane, nokuti ndiYe Musiki pachaKe. Uye Akatigadzirira nzira. Zvino, dai paive nesimba rekuporesa mandiri kuti ndizviite, nda—ndaiuya ikoko ndozviita. Nda—ndaizofara kuzviita. Asi, sesimba rekupodza, handina, hapana mumwe munhu ane simba rekupodza. Asi takatumwa, munoona, kubva kuna Kristu, kuti tinamatire vanorwara, Uyo akatogara aisa rubatso rwesimba rekupodza. Maona? Uye tiri kungouya, tingati, kuti tinyore cheki pane izvozvo. “Uye chipi nechipi chamunokumbira kuna Baba muZita raNgu,” ndiyo cheki isina chayakanyorwa pairi, “chipi nechipi chamunokumbira kuna Baba muZita raNgu, Ndichachiita.” Ivimbiso yakadini! Haitongokwanise kukundika. Uye ndakabatsira hama nehanzvadzi dzangu, pasi rose, kuisa mari idzi mubhanga...kana kutora mari idzi pamari dziri muBhanga raMwari, paRopa raJesu Kristu. Uye zvange zvichibudirira zvikuru. Anogara achibhadhara, uye nekuti mari yakafanoiswa itoripo nechekare, munoona. “Iye—Iye—Iye akakuvadza nokuda kwokudarika kwedu, namavanga aKe takaporeswa.” Munoona, zvose zvakatopera. Uye tinofara manheru ano nekuda kwekutenda kwenyu.

⁵ Ndinotenda Billy anga achindiudza kuti imwe hama inobva nzira yose kuCanada kana kumwewo. Uye ndizvo here? Ndimi hama yekuCanada? Uye—uye munobva kupi, hama? [Hama inoti, “Nechekuchamhembe kweFort Wayne, muKendallville.”—Mupepeti] Kendallville, Indiana, vanobva kuFort Wayne. Ndakachatira kuFort Wayne. Ndinoyeuka zvakanaka. Takava nemisangano yakawanda ikoko paRediger Tabhenakeri. Ndinofungidzira kuti munoziva pairi. Uye ndinorangarira, semukomana mudiki, ndigere patsoka dzaPaul Rader, muRediger Tabhenakeri, semudzidzi wehufundisi wechidiki. Murume mukuru, Hama Paul vaive, uye ndizvo zvakanga zvakaita Hama Rediger, varume vekutenda. Mweya wavo wakazorora manheru ano. Uye zvino, ipapo ndaive ndichiri mukomana mudiki, ndiri kuedza kupfurira mberi nezvavakasiya, izvo Jesu akasiira Chechi yaKe nzira yose zvichidzika.

⁶ Zvino, nokutenda kwose kwandinako, ndiri kuuya kuzokunamahirai. Uye ini—ini handisi kuuya zvisina kungorongeka. Hatimbodi kuuya kwazviri nenzira iyoyo. Kwete, hazvina kunaka. Tiri kuuya, tichitenda kuti tichagamuchira zvatakumbira, munoono, tichiziva kuti Mwari vakazvivimbisa. Uye tiri kuuya nechivimbo mumwoyo yedu kuti Kristu akaita vimbiso, nemiwo hama makaedza kuisa kutenda kwenyu paartari, makaita zvese zvamunogona, ndiri kuuya kuzoisa kwangu pamwe nemi manheru ano. Maona?

⁷ Uye, zvino, tine artari huru yakatambanuka kumatenga, uye paartari iyoyo pane Chibairo chedu, Mwanakomana waMwari. Maona? Ndechiya Chibairo chiri kujuja ropa. Mwari havakwanise kutarisa pamusoro pacho vasingaChiremekedze, munoono, nokuti Iroro iShoko raVo, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Munzwei.”

⁸ Ndichakumbira Hama Neville, mukuru wedu, kana vakauya mberi pamwe neni zvino patiri kuenda. Ndinoda kuti chechi yese... Ko dai anga ari mukoma wako, murume wako, mwanakomana wako, baba vako? Ndwemumwe munhu, rangarira. Regai, nekuperera kwese kwatinako, tiswedere kuna Mwari zvino nokuda kwehama idzi.

Ngatikotamisei misoro yedu.

⁹ Baba veKudenga vane Nyasha, tiri kuunza muHupo hweNyu zvino, paartari yenyasha, kunyange takamira hedu pedyo nebhenji diki remapuranga, saizvozvo, pano panyika, asi kutenda kwedu kwakasimukira kuartari huru inopfuta iri mhiri uko, uko Jesu (Kunhuhwirira kwakanaka pamberi paMwari, Chibairo cheRopa chinobva paKarivhari) Akakunda hurwere hwose, hoshu dzose, rufu, gehena, uye neguva, uye akamukazve ndokukwira Kudenga, kuti agare kuruoko rworudyi rweHushe hwaVo. Zvino isu, nokutenda, tinouya, tichizvisimudzira kumusoro ikoko munyasha dzaMwari, kuti titi pamusoro peartari iyi, kuMusiki mukuru weMatenga nyenyika, “Tigamuchireiwo, Ishe, tichiswedera nemuZita raIshe Jesu.”

¹⁰ Hedzinoi hama dzedu, uye mumwe wavo anobva kumusoro kweFort Wayne, muno mustates, uye mumwe nzira yose kubva kuCanada zasi kuno, vauyira nguva ino yekuremekedza kukuru kwazvo. Zviri pakati perufu nehupenyu, Ishe. Hepano varume maviri, vachiri vechidiki, pachine shumiro yakawanda yasara mavari yokuitira iMi, Ishe, masoja maviri, Makristu anoKutendai. Zvino muvengi apfura museve, uye museve iwoyo une chepfu wabaya pane imwe nzvimbo mumuviri wavo, uye vadzoka, vadzoka kuchipatara chenyasha dzaMwari, kuti vayananiswe, kuti vapodzwe, kuti vaswedere mberi zvakare, vaine nhowo yakasimudzwa, vachienda kuhondo. Vauya kuzobatanidza masimba emunamato pamwe nesu, Ishe. Uye tinoenda kunosangana nemuvengi.

11 MuZita raJesu Kristu, vasunungureiwo. Tinokuraira nemuZita raJesu Kristu, vasiye vaende.

12 Ivo varwi vemuhondo. Uye, semuranda weNyu, ndinoenda mberi zvino kuti ndiise maoko pamusoro pavo, nokutenda, ndichitenda kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda,” vakadaro Ishe vedu, Mutungamiri wehondo wedu Mukuru, “kana vakaisa maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.”

13 Izvi ndinoita muZita raJesu Kristu. Dai simba rehurwere rakasunga mutumbi wehama iyi, rivasunungure, nemuZita raJesu Kristu.

Simba rehurwere rakasunga mutumbi wehama iyi, rivasunungure. MuZita raJesu Kristu, ngaribve.

14 Mwari Samasimba, Musiki weMatenga nenyika, Muvambi weHupenyu husingaperi, uye neMupi wezvipo zvose zvakanaka, unzai maropafadzo eNyu pane ava vataropafadza. Uye zvakanyorwa muMagwaro, kuti, “Kana ukati kugomo iri, ‘Suduruka,’ worega kupokana mumwoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unokwanisa kuva nezvawataura.” Ndinotenda kuti hurwere hwavo hwabva pamutumbi wavo. Zvino zvataurwa; iye zvino ngazviitwe. Amen.

15 MuZita raIshe Jesu ndinotenda kuti masununguka. MuZita raJesu Kristu ndinotenda kuti masununguka. Amen.

Chechi inotendawo saizvozvo here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti] Zvino ngazviitwe.

16 Zvino, pangava nevamwe here muno vangangoda kurangarirwa mumunamato, ungasimudza ruoko rwako here? Zvakanaka, ngatiuyei kwaVari zvino pamunoisa maoko pamusoro pemumwe nemumwe kunze uko. “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

17 Mwari Vatsvene-tsvene, nokutenda tinoona Jesu, tinotenda kuti Amire pano. Anotarira Shoko raKe. Uye Akati, “Pose panoungana vaviri kana vanopfuura muZita raNgu, Ndiripo pakati pavo.” Zvino, Baba voKudenga, regai simba raMwari Samasimba ribate vanhu ava, Ishe, sezvo vabatana maoko mumwe nemumwe, akaturikwa pane mumwe nemumwe. Rairo yekupedzisira yaMakataura kuChechi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachazo . . . vachapora.” Makazvivimbisa, uye tinozvhitenda. Saka zvino zvaitwa, uye tinoKurumbidzai nokuda kwazo, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

18 Uye muZita raJesu Kristu dai simba raMwari rikazodza mahengechepfu aya kune vanorwara nevanoshaya. Uye paanotumirwa kunze uye oturikwa pamusoro pevanorwara, ngazviitike kuti vagopodzwa. Tinoverenga muBhaibheri kuti vakatora kubva kuna Mutsvene Pauro, mahengechepfu, maapuroni; mweya yetsvina ikasiya vanhu, uye zvirwere zvikapodzwa. Uye, Baba, tinoziva kuti hatizi Mutsvene Pauro,

asi tinoziva kuti Muchiri Jesu. Uye tinonamata kuti Mugopa chikumbiro ichi kuitira kubwinya kweNyu. Amenii.

¹⁹ Handizivi kana paine...matepi ati abatidzwa nazvino, kana kuti kwete. Abatidzwa here? Kana asina, ndinoda kuti vaabatidze panguva ino. Ndinotenda kuti vabatidza swichi yacho. Zvino, ndinovimba kuti handizokunetesai manheru ano. Ndiri kukurumidza kutanga neingava hafu yeawa kana maminitsi makumi matatu nemashanu. Uye ini...Chidzidzo cheSunday school, uye ndafunga kuti pamwe zvichida zvingaite zvakana kana ndikaita kuti izvi zviiswe patepi zviri pamoyo wangu. Uye tiri kugadzirira kupinda mune chimwe—chimwe chikamu chitsva, tabhenakeri itsva, zvose zviri itsva.

²⁰ Uye zvino ndinoda kuverenga mamwe eMagwaro. Kana imi vanhu muchida kuverenga pamwe neni, ndinoda kuverenga kubva kuna Samuiri Wokutanga, chitsauko 8, uye tinoda kutanga nendima 4 kusvika kune 10; uyezve, kuchengetedza nguva, 19 kusvika 20. Uye ndine mapepa akati wandei eMagwaro nezvinyorwa zvakanyorwa kunze kuno, zvekuti kana imi vanhu muine chinoyeso nepenzura, kana chimwe chinhu, bepa, izvo zvamunoda kuzodzokera kune izvi kana kuzvichengeta mazvinyora pasi, munogona kuva nazvo, kana kuti, VaMaguire vachave nete—te—tepi yacho.

²¹ Uye ndinoda kuti tepi iyi ikumikidzwe kuvashumiri, hama dzangu, vashumiri vasina kundinzwisisa, kunyanya hama dzemachechi emasangano. Uye vazhinji vose ndevemasangano.

²² Zvino chidzidzo changu manheru ano ndechekuti: *Chikonzero Sei Ndichipesana NeChinamoto Chakaitwa Sangano*. Uye ndichaverengera zvino senheyo, kana kuverenga Gwaro, kunyatsozviita kuti zvive zveMagwaro, ndinoda kuverenga kubva kuna Samuiri Wokutanga 8:4-10, uye 19-20. Kuungano yangu iri kuoneka, ndinovimba kuti pamuchadzokera kumba muchanyora Magwaro aya pasi monyatsoaverenga. Uye kuhama dzichange dzichiteerera tepi, ndinovimba kuti nemiwo hamuzongomise tepi kana chimwe chinhu chataurwa pamwe chamusingabvumirani nacho, asi muchatsvaga Mwari machiri, moon kana chiri muMagwaro. Ndinofunga kuti tine mungava kunesu pachedu uye nekuMharidzo yezuva ino.

²³ Ndinotenda kuti machechi ese ane Makristu maari, uye zvirokwazvo handitauri ndichipesana neMakristu. Asi chikonzero ndakaita zvandakaita, uye ndikataura izvo zvandakataura, imhaka yekufemera kweMweya Mutsvene paShoko.

²⁴ Zvino ngativerengei muna Samuiri Wokutanga, chitsauko 8, kutanga nendima 4, nekuverenga yechi10, ose zvawo, kutanga.

Zvino vakuru veIsraeri vose vakazviunganidza pamwe chete, uye vakauya kuna Samuiri paRama,

Zvino vakati kwaari, Tarirai, imi makwegura, uye vanakomana venyu havafambi. . .havafambi mugwara: zvino tigadzirirei mambo ungatitonga sezvinoitwa kundudzi dzose.

Asi chinhu ichocho hachina kufadza Samuери, pavakati, Tipei mambo ungatitonga. Zvino Samuери akanyengetera kuna JEHOVHA.

Zvino JEHOVHA akati kuna Samuери, Teerera kuizwi revanhu mune zvole zvavanotaura kwauri: nokuti havana kukuramba iwe, asi vandiramba ini, kuti ndirege kuva mambo wavo.

Maererano nemabasa ose avakaita kubva zuva randakavakwidza ndichivabuditsa muEgipita akusvikira nhasi, apo vakandirasa, ndokushumira vamwe vamwari, ndizvo zvavanokuitira futi iwewo.

Zvino naizvozvo terera hako izwi ravo: zvisinei uvatsutsumwire kwazvo, uye uvaratidze hunhu hwamambo uchatonga pamusoro pavo.

Zvino Samuери akaudza vanhu vakanga vachikumbira mambo kwaari mashoko ose aya aJEHOVHA.

25 Zvino ndima 19 ne 20 pakuchipedzisa.

Zvisinei vanhu vakaramba kuteerera izwi raSamuери; zvino vakati, Kwete; asi tichava namambo anotitonga;

Kuti isuwo tifanane nedzimwe ndudzi dzose; uye kuti mambo wedu atitonge, uye aende. . .mberi kwedu, nokurwa pahondo dzedu.

26 Ishe vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kweMashoko aVo. Zvino, sekirasi yeSunday school, ndinoda kutaura kuti tinoda kuedza kuva ne—nekuteerera kwatinogona kuShoko.

27 Uye tinoziva kuti—kuti dzimwe nguva zvinhu zvinotaurwa, (uye mamwe machechi), zvinogumbura mumwe munhu akadzidziswa zvinopesana neizvo zvavaka. . .vari kunzwa. Semuyenzaniso, mumwe murume akandiudza rimwe zuva, anova shamwari yangu agere pano zvino, akati, “Pamakati, Hama Branham, nekutenda kwakawanda kwandaiva nako mamuri, uye nekutenda, pamakati pakange pasina ‘hakuna gehena raZiyendanakuenda,’” akati, “ndakada kuita sendichadonha kubva pachigaro changu. Ini ndikati, ‘Chokwadi murume wacho zvaari kureva handizvo.’” Ndokubva ati, “Makatirega timire kwechinguva. Ndokubva mati, ‘Kunongova nemhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, uye hunobva kuna Mwari.’” Uye ndihwo hwatinotsvaga tose, munoona.

28 Uye hakuna Gwaro rinoti kune gehena raZiyendanakuenda. Nokuti, Ziyendanakuenda harina kumbobvira rakatanga, uyezve harimbofe rakaguma. Saka Bhaibheri rakati

“gehena rakasikirwa dhiyabhore nevatumwa vake,” saka harisi reZiyendanakuenda. Paiva neimwe nguva parakange risipo, uye pachava nenguva parinenge risiko, zvakare. Asi vanogona kurangwa imomo, kubudikidza nemoto nesuruferi, nemumakomba emoto, kwenguva isingaverengeki, asi pakupedzisira richapera nokuti gehena harisi reZiyendanakuenda. Uye kana dai paive negehena reZiyendanakuenda, waitofanira kuva neHupenyu Husingaperi kuti urarame mugehena reZiyendanakuenda. Uye kana dai raiva reZiyendanakuenda, raive ragara ringoripo, uye iwe wainge wakangogara uri mugehena uye uchazongogara uri mugehena. Munoono, saka hakuna chinhu chakadaro.

²⁹ Saka, munoono, *Ziyendanakuenda* “harina kumbova nemavambo kana magumo.” Uye kune mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, zvino huri muna Mwari, hunobva painzwi rechiGiriki rokuti *Zoe*, zvinoreva kuti “Hupenyu HwaMwari pachaVo.” Uye kana tazvarwa patsva neMweya waMwari, tinova veZiyendanakuenda pamwe naMwari, nekuti tine chikamu cheHupenyu hwaVo, zvinotiita vanakomana nevanasikana vaMwari, zvino tinova neHupenyu Husingaperi. Uye Hupenyu huri matiri, Mwari vachamutsa mutumbi pamwe neHupenyu pazuva rekupedzisira, asi ndeuyo Mweya waMwari uri matiri unomutsa, nokuti Mweya waKristu wakanga uri muna Kristu, unomutsa mitumbi yedu uye nokutimutsawo zvakare, pamwe chete naYe, kuti tigare mu—mu—muKubwinya uye tichitonga pamwe chete naYe.

³⁰ Zvino kuchidzidzo, zvino, ndakapfuura nemumakore aya, uye tabhenakeri ino yakamira. Kunyange, ndakagadzwa muhechi yeMissionary Baptisti, naChiremba Roy E. Davis, angangoita makore makumi matatu nematatu akapfuura, muno muJeffersonville. Zvino ini, kubva ipapo, ndakanga ndiri musangano kwenguva pfupi chete, mwedzi mishoma, kusvikira chimwe chinhu chauya chaive chisiri mumagwaro chichiitwa nehechi, uye ndikavaudza kuti handaikwanisa kuzviita. Uye saka ndaive, hongu, ndakumbirwa kuti “ndizviite kana kuti ndaizozviona,” zvino ini ndokuchisiya. Saka ndicho chaive chimwe chinhu chandinotenda, kuti iri iShoko raMwari. Ndikati kumurume akanga ari mudzidzisi mu—mukuru, “Kana mukandiratidza izvozvo muShoko raMwari!”

“Asi zvaive,” akati, “izvozvo idzidziso yedu.”

Ndikati, “Asi ndinoda kuti zvibude zvichibva muShoko, munoono, Shoko raMwari.”

³¹ Uye kwete nekuda kwekuti handisi nhengo yesangano ndosaka ndanga ndichipesana nesangano, nokuti ndinotenda kuhama dzangu, dzandiri kutaura nadzo nhasi, dzandine kokero yadzo, ndinofungidzira, potse-potse sangano rese, kunyanya munharaunda dzeveVhangeri Rakazara, uye kunyangwe mune mazhinji emamwe machechi. Ndakakumbirwa kuti

ndipinde muyanano yavo uye ndibatane navo, asi ndakaramba ndakazvimiririra. Nokuti, chero runziro yandinayo, handidi kuiisa paboka rimwe chete revanhu. Ndinoshuvira kuisa zvandakapihwa naMwari, munamoto wevanorwara, kuti uve betsero kune vana vaMwari vese vari musangano rega-rega. Havana kumbondibvunza kuti ndisanamatira, kana *uyu* nekuti ndewe *Kwakati-kwakati*, Mwari vanotonga mwoyo wemunhu.

³² Uye zvino, kutanga, chikonzero sei ndisiri nhengo yavo uye sei ndakataura zvinopesana navo, nokuti, kutanga, imhaka yekuti handitendi kuti Chikristu chakaitwa sangano zviru muMagwaro. Ndinotenda kuti hazvisi mumagwaro. Uye ndizvo zvandichaedza, manheru ano, kuedza nenyasha dzaMwari, kuratidza kwamuri kuti hazvisi mumagwaro, hazvina kunaka kuva nechero sangano zvaro.

³³ Zvino, chekutanga, tinozvidaidza kuti “chinamoto.” Shoko rokuti *chinamoto* rinoreva “chifukidzo,” zvinoreva kufukidza chimwe chinhu. Zvino, Adhamu aive nechinamoto, asi zvirokwasvo akachigadzira pachake, nemashizha emuonde, asi hachina kushanda. Akagadzira dzidziso yake pachake uye akaedza kugadzira nzira yokupukunyuka nayo, kuti awane ruponeso mune chimwe chinhu chaakanga agadzira pachake, zvino Mwari vakazviramba, kubva kuna Adhamu kusvika kuhurongwa hwesangano rekupedzisira. Hazvina kumbodaro, uye nenyasha dzaMwari tichazviratidza nhasi kubudikidza neBhaibheri. Chinamoto chaiva chifukidzo. Adhamu akazvigadzirira chifukidzo nemashizha emuonde, akachigadzira, pachake, achiedza kuita chimwe chinhu pachake.

³⁴ Asi Mwari vaida rufu, yananiso. Zvino, pane musiyano mukuru kwazvo pakati pechinamoto neruponeso, munoona, ruponeso. Chinamoto chifukidzo. Maona? Ruponeso Kuberekwa, chipo chaMwari. Ruponeso Kuberekwa, chipo chaMwari, uye harwugone kuitwa nechero munhu kana rimwewo boka zvaro revanhu. Munhu pachake anounzirwa naMwari chipo ichi. Uye zvipo izvi zveHupenyu Husingaperi zvakatemerwa naMwari kumunhu mumwe nemumwe kunyangwe tisati tambova nenyika, maererano neMagwaro. Bhaibheri rakati, muna Zvakazarurwa, kuti antikristu aizouya panyika, aizonyengera vose vanogara panyika, vane mazita asina kunyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa. Maona? Mwari, nekufanoziva kwaVo, vakaona kuti ndiani aizouya uye kuti ndiani aisazouya, Kristu akauya pasi kuzogadzira nzira yeavo vaizouya. Munoona, kuziva vamwe.

³⁵ Kana Vari Mwari, chaizvoizvo, Vanofanira kunge vasina magumo. Uye kana Vasina magumo, haVakwanisi kuva vasina magumo vasiri kunge vari samasimba. Havagoni kuva samasimba vasiri kunge vari kwose-kwose. Havakwanisi kuva

vare kwose-kwose vasiri kunge vachiziva zvose. Saka, munoona, zvose izvozvo zvinoVaita Mwari.

³⁶ Saka, Vaiziva magumo kubva kumavambo. Vaiziva kuti ndiani aizodaro neaisazodaro, uye Vaiziva kuti kwaiva nevazhinji vaizodaro, saka Vakatumira Kristu kuti aite yananiso yeavo vaizouya. Zvino, hapana chatinoita chingava nechokuita nazvo. Jesu akati, “Vose vaNdakapiwa naBaba,” vandaka, nguva yakapfuura, “vachauya kwaNdiri. Uye hapana munhu anogona kuuya kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva.” Maona? Zvino, munoona, zvose zviri muruzivo rwaMwari.

³⁷ Unoti, “Hama Branham, ndirimo here?” Handizive. Ndiri kuvimba kuti ini ndiri. Tinoshanda ruponeso rwehu pachedu nokutya nokudera. Zvino, Chechi yakatemerwa kusangana naMwari isina gwapa kana kuunyana. Zvino, kana tiri muChechi iyoyo, takatemerwa pamwe neChechi iyoyo. Zvino zviongorore pachako neShoko, wobva waona kuti tiri kure zvakadini.

³⁸ Zvino, zvino, Chikristu chesangano hachikwanisi kupa chivimbo ichocho. Kwete. Vamwe vavo vakati, “Iwe huya uye wopupura kuti Jesu ndiye Kristu wobhabhatidzwa muchechi.” Dhiyabhore anoita zvimwe chetezvo. Anotenda, pachake, kuti Jesu ndiye Kristu, uye anodendera. Munoona, ndizvozvo.

³⁹ Mwari havana kumboraira, chero papi zvapo muRugwaro, kuti pambove nechero sangano ripi zvaro. Hakuna nzvimbo muBhaibheri yeizvozvo. Adhamu akatanga rimwe uye rikakundikana.

⁴⁰ Ndokubva Nimurodhi aedza kuita sangano. Kana uri munzveri wenhoroo, uye uchiziva nhoroondo yeBhabhironi, verenga *Two Babylons* raHislop, uchawana kujekerwa kukuru kwazvo. Kuti, Nimurodhi, uyu murume wechivi, akatora Bhabhironi nemachechi aro ese madiki, kana nzvimbo dzakapoteredza, waiva mufananidzo we—weChikristu chemazuva ekupedzisira chakatsauka, ndokuita nzvimbo imwe huru kwazvo uye vamwe vose vakatamba...vakabhadhara mutero kwairi. Uye imomo akavaka shongwe akaedza kuronga vanhu pamwe chete, asi zvakakundika. Zvakakundika. Izvozvo zvakakundikana.

⁴¹ Kora, muna Numeri 16:1, kana muchida kuverenga, Kora akaedza chinhu chimwe chetecho. Akaunganidza vaRevhi vose pamwe chete, uye akatora...vamwe vevane mukurumbira, varume vepamusoro, varume vakuru, varume vehutsvene, uye iye naDhatani vakauya pamwe chete ndokuti, “Hazvina kunaka, murume mumwe chete achiedza kuva pamusoro pedu tese.” Zvino saka vakaedza kutanga sangano pamwe chete, zvino vakauya pamberi paMosesi naAroni, avo vakanga vasarudzwa naMwari kuti vaite basa racho, ndokuvaudza kuti vaizvinyanyira ivo vega-vega, kuti unganano yose yaiva tsvene, uye vaiva nekodzera yoku... “Muhwandu hwemazano

mune chengetedzo,” ndizvo, vanodaro. Izvozvo hazvishande kuChikristu. Zvinoshanda muhondo. Cherechedzai, pane mutsauko wakanyanyisa kwazvo.

⁴² Unogona kutora Gwaro, woti, “Judhasi akaenda akanozvisungirira,” uye “iwe enda unoitawo saizvozvo,” kana uchida kudaro, asi izvozvo hazvizviite kuti zvive zvakanaka.

⁴³ Mwari vakanga vasarudza Mosesi uye Mwari vakanga vasarudza Aroni, uye rakanga riri shoko rezuva iroro. Uye zvisinei nekuti rimwe divi rakanga richitaridzika zvakanaka sei, zvaipesana nemafungiro aMwari. Uye tinofanira kurega kufunga kwaMwari kuve kufunga kwedu. “Regai mufungo waiva muna Kristu uye mamuri.” Uye Bhaibheri iri rinozarura pfungwa yaKristu. Uye Bhuku rose raZvakazarurwa, rinonzi Apocalypse, ndiro Chizaruro chaJesusu Kristu. Uye tinogona kuona kuti Vanopomera chinhu ichi sei, matorero aVanochiita vachichiisa kune rimwe divi, zvino tichazosvika kwazviri mushure mechinguva. Zvakanaka.

⁴⁴ Kora, ndinotenda kuti akanga akaperera muchiito chake. Ndinotenda kuti murume wacho aisada—aisada kuita zvakaipa. Ndinotenda kuti kwaive kusaziva kwemunhu akange asina kuona ruoko rwaMwari rwuchifamba uye nekuziva Magwaro, uye ndicho chikonzero akangozviunza pakushandisa pfungwa.

⁴⁵ Uye ndiro sokunge makumi mapfumbamwe kubva muzana edambudziko racho nhasi uno, kuti tinoedza kupinza muhurongwa hwaMwari, kufunga kwedu. Uye hatifanirwe kunge tichifunga, zvachose. Ivo vanotifungira. Tinofanira kupira mufungo wedu mukuda kwaVo. Manzwisisa zvino?

⁴⁶ Kora, nechinangwa chakanaka, wakafamba achitenderera nedzidziso yenhema, achiudza hama idzi, uye achivaratidza nekushandisa pfungwa, kuti Mwari vakanga vasina kuropafadza Mosesi bedzi, muporofita, mutumwa, uye kuti vakanga vangomuropafadza iye bedzi, asi, “Ungano yose yakanga iri tsvene,” akati, “uye zvino ungoro yose ine kodzero yekuita *izvi*, uye ungoro yose ine kodzero yokuita *izvo*.” Uye saka vakawana varume vakanaka, vaRevhi. Zvino, iyoyo isarudzo yaMwari, vanova vari nhasi, “vashumiri,” muRevhi akanga ari mushumiri wemutemberi. Ko Mosesi haana kuvatsiurira izvozvo here? Uye, pano, haana kumboenda pazviri asinga-... asingaremekedzi. Akavaudza kuti vatore midziyo yekupfungaidza, uye vaise moto mutsvene mauri, uye vogoisa zvinonhuhwira pamusoro pawo, uye kuti vazunguzire zvinonhuhwira izvi zvitsvene, waiva uri murairo waMwari. Zvino vakauya kuzoita boka revarume kuti vatungamirire chechi, apo Mwari vakanga varaira murume mumwe chete kuti adaro.

⁴⁷ Uye, pavakaita izvozvo, Mosesi akawira pasi nechiso chake nokuti aiziva kuti Mwari vakanga vamutuma kubasa iroro. Zvino Mwari vakati, “Vaite kuti vaunze midziyo

yekupfungaidza iyoyo pamberi petabhenakeri.” Zvino pavakatanga kuzunguza midziyo yavo yekupfungaidza izere nemoto, uye zvinonhuwira zvichisimuka, Mwari vakati kuna Mosesi naAroni, “Zvipatsanurei kubva kwavari! Ibvai pakati pavo!” Nokuti, gare-gare Vakavadana kuti “vatadzi, vasingatendi.”

⁴⁸ Uye chivi kusatenda muShoko raMwari. Unoba nekuti hautendi. Unonyepa nekuti hautendi. Unoita hupombwe nokuti hautendi. Dai wanga uri mutendi, waisaita zvakadaro. Pane nguwo mbiri chete, ndiko kutenda kana kusatenda, unotungamirwa nechimwe kana nechimwe chacho.

⁴⁹ Zvino, Mwari, pakutanga, vakanga vari Shoko, zvino Vakaitwa nyama ndokugara pakati pedu. Vakanga vari Shoko, iVo ndivo Shoko! Uye kana Mwari vachigara mauri, iShoko raMwari riri kugara mauri, paunokwanisa kutsinhira zvese zvaVanotaura ne “Ameni.” Ndivo Mwari vachigara mauri.

⁵⁰ Zvino kana mukacherechedza, varume ava vasina mhosva vakabata midziyo yekupfungaidza muruoko rwavo, moto mutsvene muruoko rwavo, Mwari vakazarura nyika ikavamedza, ndokuvapatsanura kubva kuna Mosesi nokuti Mosesi akazvipatsanura kubva kwavari. Zvino Mosesi akayambira ungoro, “Musatambe neboka rakadaro. Ibvai pavari!” Zvino, munoziva Magwaro, verengai 16, 17, 18, kunyangwe, chitsauko, uye muchazwiwana. “Zvipatsanurei kubva kuvatadzi ava, vatadzi vasingatendi. Budai pakati pavo, nokuti vakananga kunoparadzwa, nezvose zvananzvo.” Uye pavaka...nyika yakatigiduka ndokudonha nevarume ava vakabata moto mutsvene uyu. Varume vasina mhosva vakanyengedzwa nemunhu.

⁵¹ Zvimwe chetezvo nhasi! Kune varume vazhinji vasina mhosva vari kuwira mumusungo wetsika, akabata Shoko Dzvene muruoko rwake, uye achifunga kuti ari kuparidza kubva maRiri. Ndaona kuratidzika kwauya pachiso chemumwe mushumiri ipapa, mushumiri weMethodisti, aimbove mushumiri weMethodisti kusvika manheru eSvondo yapfuura. Uye paatarisa, ndinofunga zvinoreva zvakanwanda kwamuri, hama, kunge mabuda.

⁵² Zvino, munoono, vakabata midziyo yekupfungaidza, moto uchifungaidza mweya unonhuwira pamberi paMwari, uye nemaoko iwayo akabata izvozvo, kunyange zvakadaro vakaparara vaine mudziyo wekupfungaidza muruoko rwavo, nekuti vakanga vachiedza kuita chimwe chinhu mukuperera, asi zvakadaro, vachipesana neShoko raMwari, vachiedza kuita sango. Vakati, “Unozvinyanyira iwe wega-wega. Ndiwe ani anotaura kuti une Shoko raMwari rose?”

⁵³ Vakataidza kuona kuti Mosesi ndiye aive mu—mutumwa wenguva iyoyo. Munoono, aiva neZVANZI NAJEHOVHA.

Panyika pakanga pasina akafanana naye. Aiva neMharidzo, zvino vanhu vakatadza kulona. Zvino Mosesi aive chaizvo pamwe neZVANZI NAJEHOVHA. Chokwadi. Zvakanaka.

⁵⁴ Zvino tinoona zvimwe chetezvo nhasi uno, varume vakanaka, varume vakuru, varume vanokosha vachiedza kuparidza Shoko raMwari (riri muruoko rwavo) kuburikidza nedzimwe tsika dzakaitwa nevanhu. Vachicheka *apa*, nokucheka zasi *apa*, nokuzviita kuti zvive *izvi*, uye “huya ujoinhe chechi uye ushandure hunhengo hwako,” zvino vofa pamweya vaine Shoko iroro riri muruoko rwavo! Maona?

⁵⁵ Havana kukwanisa kutenda mutumwa waMwari kana Mharidzo yaVo yezuva iroro. Havana kunzwisisa kuti sei Mwari vakuru vaisashanda neboka rose revanhu, vongoiisa pamunhu mumwe chete.

⁵⁶ Vangani vavo vandataura navo nhasi, “Tinozoita sei, Hama Branham? Tinoziva kuti zvamunoreva ndezvechokwadi, asi tinozoita sei? Sangano rinozotidzingira kunze, hatizove nekumwe kwekuenda.” Ndinovanzwira tsitsi; asi pane Nzvimbo. Unoti, “Zvino, tingazofa nenzara.”

⁵⁷ Dhavhidhi akati, “Ndakambenge ndiri mudiki, uye zvino ndakura, uye handina kumboona wakarurama achiraswa, kana vana vake vachipemha chingwa.”

⁵⁸ Ndizvo chaizvo nenzira imwe cheteyo yavakaramba nayo Jesu. Vakanga vakaputirwa kwazvo nesangano ravo, nevaprisita vatsvene nezvivakwa zvitsvene, nemachechi matsvene nematemberi matsvene, vakatadza kuona Mwari mutemberi yaVo yemunhu. “Iwe, uri munhu, unozviita Mwari.” Munoono, vakanga vakaputirwa kwazvo mazviri! Varume ava vainge vakaputirwa kwazvo mukuti Dhatani nevamwe vaitaura chokwadi. Nimirodhi aive akaputirwa kwazvo mune zvekuti aikwanisa kuita chimwe chinhu chaizoendesa vanhu pamusoro pehasha dzaMwari. Adhamu aive nechokwadi chekuti kana akafukidza kushama kwake Mwari vaisakuona. Haugone kukufukidza, Mwari ndivo vanofanira kukufukidza. Maona? Maona? Chirongwa chaMwari chinokufukidza, kwete chako. Zvagara zvakadaro, vanotadza kuona Jesu mutemberi yaKe, Mwari vachiratidzwa munyama.

⁵⁹ Nhasi zvinoita sekundikanganisa pandinoona kuti Mashoko eBhaibheri akagurwa-gurwa kwazvo netsika. Uye vanhu vane mwoyo yakatendeseka vanomira ipapo vachinzwa Shoko iroro, uye vachiziva kuti Ichokwadi, asi havana hushingi hwekutora danho, nekuti tsika yavo inovadzidzisa zvakasiyana. Kugeza mapoto nemapani, zvadaro, hama, endererai mberi. Asi kwatiri, uye ini neimba yangu, tinitora Kristu, Shoko. Maona?

⁶⁰ Ngatitorei Johane 3 kwechinguvana, Nikodhimo, mudzidzisi mukuru nemutongi wesangano guru rinonzi Sanihedrini. Vakanga vazviunganidza pachavo pamwe chete, uye vakaita

tsika dzavo. Mu—mumwe wevaFarise nemumwe wevaSadhuse, uye vaive nesangano ravo ipapo, kusiyana kwavo, uye saka ivo... Murume uyu akanga ari mudzidzisi mukuru, mutongi weSanihedrini iyi huru, murume anoshamisa mukudzidzisa. Aiziva Magwaro, aifunga kudaro. Aiaziva netsika dzavo. Jesu haana here kuti, “Makadaro, netsika dzenyu, makaita kuti Mirawo yaMwari ishaye basa”?

⁶¹ Munoono, nokuda kwetsika dzavo! Chii ichocho? Kuisa dudziro yavo pachavo paShoko, pachinzvimbo chekuRisiya rakadaro, zvaRinotaura. Vanoti haRirevi *izvi*. Macherechedza here, ndiro nzwi rimwe chete rakashandiswa nadhinyabhore kuna Evha, kutangisa sangano rektanga, munoono. “Chokwadi zvaizova nenzira *iyi*. Mwari havangaite izvozvo, unoziva.” Munoono, chinhu chimwe chete. Chinhu chimwe chete nhasi.

⁶² Zvino tinocherechedza, mutongi uyu akauya kuna Jesu. Chinhu chekutanga, zvino, akauya achitsvaga Hupenyu Husingaperi, akauya kuzotsvaga ruponeso. Asi zvakadaro, munhu ane chimiro chake, mudzidzisi mukuru muIsraeri, asi mudzidzisi mukuru muIsraeri akauya kuMurume watisina kana nhorondo yekumbova nezuva rimwe chete ari muchikoro. Murume mutana, muprisita akwegura, muchenjeri, akauya kuMuchinda wechidiki. Vakanga vari vepamusoro-soro, mupfumi akauya kune Mupemhi akanga asina pokuisa musoro waKe, kuzoMubvunza nzira yeruponeso neHupenyu. Pekutanga pacho, ivo veSanihedrini iyoyo, izvo zvakapupurwa naNikodhimo, vakanga vaona chimwe chinhu muna Jesu icho vamwe varume vemusangano ravo vakanga vasina. Vakaona kuti maAri maive nechimwe chinhu, nokuti akati, “Rabhi, isu tinoziva iMi...” “Isu,” hongu, vaisazvipupura, nekuti vaizodzingwa. Maona? “Isu tinoziva kuti Muri Mudzidzisi akabva kuna Mwari, nokuti hapana munhu anogona kuita zvinhu izvi zvaMunoita kunze kwokunge Mwari vainaye. Tinozviziva!” Oo, ini zvangu! Sangano!

⁶³ Zvino, tinocherechedza kuti Jesu aive kuratidzwa kwaMwari. Zvino, “Hapana munhu anogona kuita zvinhu izvi kunze kwokunge Mwari vainaye.” Vaiziva kuti paiva nechimwe chinhu chakasiyana muMurume iyeye. Akanga ari Chiedza chezuva iroro. Akanga ari Chapupu chaMwari.

⁶⁴ Ndizvo zvakaitawo Kora akaona chinhu chimwe chetecho muna Mosesi. Vakanga vasina murume zuva iroro akaita saMosesi. Akanga ari chapupu chaMwari cheKudenga, chezuva iroro, kusimba raMwari. Kora neboka rake vakazviona muna Mosesi. Vakanzwisisa kuti haaigona kunge ari Mosesi; Mosesi haaikwanisa kuzarura Gungwa Dzvuku, Mosesi haaikwanisa kutumira matenda panyika. Vakanga vari Mwari muna Mosesi, uye, nokuti Mwari vakazvimiririra pachaVo muchapupu kana chiedza chezuva, vakatadza kuChiona. Kora aida kuita boka rose revarume, kuti vaunze chinhu chese-chese.

⁶⁵ Ndizvo zvinogonekwa nesangano, kuunza chero munhu wose aripo, vozvidaidza kuti “Chikristu.” Votumira mukomana kuchikoro asina chaanoziva nezvaMwari sezvakangoita muHottentot asingazive nezvehusiku hwemuEgipita, vomutumira ikoko uye vomupa dzidzo nokumudzidzisa zvokushandisa njere, uye nokumupa Ph.D., nedhigirii rachiremba kana bachelor of art, kana chimwe chinhu kana chimwewo chakadaro. Uye vomuendesa kunoparidza Evhangeri, asina kana kutomboponeswa, uyo anoramba zvekubarwa nemhandara uye nerumuko, anoramba kupodza kwaMwari, oramba Simba raMwari, oramba zvitevedzwa chaizvo izvo Jesu akafira, oramba kuti Marko 16 yakafemerwa, oramba “zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda” apo Jesu akataura Mashoko acho pachaKe, oramba Mabasa 2:38, oramba chero mamwe Magwaro ose zvawo akafemerwa. Uye voedza kutora tsika dzevanhu dzisina chavanoziva nezvado, vorovedzera padziri. Uye paunovaudza Chokwadi nekuvaratidza Chokwadi, vanonyara kufamba, nokuda kwesangano ravo.

⁶⁶ Kora akaita zvimwe chetezvo. Akaona Mwari muna Mosesi. Akaona kuti aiva Mumiririri waMwari wavaishanda nemaari. Uye Nikodhimo akaona Mwari muna Kristu, “Hapana munhu anogona kuita zvinhu izvi kunze kwekunge Mwari vainaye.” Nikodhimo akanga atova musangano, achiedza kubuda. Kora akanga ari kunze, achiedza kugadzira rimwe rekupinda mariri. Ndiwo waive mutsauko. Nikodhimo akanga achiedza kutsvaga ruponeso, kuti abude muchinhu chacho; akanga ave machiri kubva achiri mukomana, akanga aneta nacho. Aida kuponeswa. Asi Kora aiedza kuvigadzirira nzvi—nzvimbo yaaigona kuzova munhu mukuru.

⁶⁷ Ndizvo zvakaita vanhu nhasi. Ndiro dambudziko neChikristu, tine kutevedzera kwenhema kwakawanda. Uye vanhu vedu vePentekosti, regererai matauriro aya, vashatiswa kwazvo nazvo, kuenzanisa kwepanyama! Regai Mwari vasimudze mumwe munhu vagomupa chimwe chinhu, zvino munhu wose munyika achaedza kutevedzera munhu iyeye. Haucherechedzi here kuti uri kuuraya timu yako? Pamunenge muchitamba bhora. . . “Uye nyasha,” sematauriro angadai akaitwa naPauro, “ngatimhanyi nhangemutange iyi nekutsungirira.” Munhu ane bhora, usaribvise mumaoko ake, edza kumuchengetedza. Asi pachinzvimbo chaizvozvo, nekuti haasi wesangano rako, unoedza kumutorera. Mumwewo munhu chimbekeya, haagone, anogumburwa nezvinhu zvisina basa, zvino woedza kuZvibvisa kwauri. Ndizvozvo. Zvino, ndichitaura pamweya, zvandinoreva. Ndiregerereiwo, ini. . . Saka, anogumburwa nechinhu chidiki seMabasa 2:38, zvirokwazvo anowa. Kana akambogumburwa naMarko 16, ko anozokunda sei? Maona? Huh. Zvidzidzo zvikuru chaizvo zvaKristu. Uye chinhu chaicho chakakurukurwa nezvacho

paKanzuru yepaNicaea, vachiri kugumburwa nacho mushure memakore ose aya.

⁶⁸ Achiedza, Kora aiedza kuita sangano, rekupinda mariri. Uye Nikodhimo akambenge ari mariri, achiedza kubuda mariri. Nikodhimo akagamuchirwa, uye akabuda. Kora akapararira mariri, mukuedza kwake, akapararira mukuedza kwake pachake. Oo, ini zvangu!

⁶⁹ Sangano iro Nikodhimo aive mariri, raiziva kuti Kristu akatumwa naMwari, rakadaro. Nikodhimo, muchitsauko 3 pano, anozvipupura, “Rabhi, tinoziva kuti Muri Mudzidzisi akatumwa kubva kuna Mwari, nokuti hapana munhu anogona kuita zvishamiso izvi zvaMunoita kunze kwekunge Mwari vainaye.” Uye boka rimwe chetero, nokuda kwesangano ravo, rakaMudana kuti “Bherizebhabhu,” nokuda kwesimba raKe rokudzinga madhimoni, ndokuti, “Anonyengera vanhu vedu neDzidziso yaKe.” Ndicho chinhu chimwe chetecho nhasi uno. Kunyengera chii?

⁷⁰ Jesu akati, “Ndinoita chete izvo zvinofadza Baba, Ndinochengeta chete Mashoko aMwari,” nokuti Akanga ari Shoko. Hapana chimwe chaAigona kuita kunze kweShoko.

⁷¹ Asi, nokuda kwesangano ravo, nokuda kwenzira yavo, vakasungirira vanhu. Mumwoyo yavo vaizviziva, asi sangano ravo raisavatendera kuti vazvichengete. Zvadaro, kugadzira nzira yekupukunyuka, kudzivisa vanhu kuti vasasiya sangano (“vanhu vose vave kuMutevera”), kudzivisa vanhu kuti vasasiya sangano uye vachitevera Zvokwadi yaMwari (izvo Aiva Zvokwadi “Ndini Zvokwadi, Chiedza”), kuvadzivisa kuItvera, vakataura kuti Akanga achinyengera vanhu. Pafunge! Munhu, aiziva mumwoyo make kuti Aiva Mwari, kuti Mwari vakanga vari maAri (“hakuna munhu angataure zvinhu izvi, kana kuita zvinhu izvi, kunze kwekunge Mwari vainaye”), achiziva izvozvo uye achitaura izvozvo uye achipupura izvozvo, uye zvdaro otendeuka uye achiMudana kuti “Bherizebhabhu, nemunyengeri wevanhu,” vanhu vavo, “neDzidziso yaKe.” Oo, ini zvangu!

⁷² Nikodhimo aiziva kuti Aive Muporofita. Zvino, uyu aive mumwe chete musangano aida Mwari zvakakwana uye achitya Mwari zvakakwana, uye akacherechedza neTestamende Yekare kuti Murume uyu aive nezvikwaniso uye akaratidzwa nekusimbiswa, Muporofita akatumwa kubva kuna Mwari. Murume uyu, ndichamuremekedza kana akauya hake nehusiku, akasvikapo. Ari nani kupfuura vadzidzisi vedu vazhinji nhasi, havauye zvachose. Nikodhimo akazopedzesera asvika. Saka, usamupa mhosva, kana iwe usati wasvika nazvino. Nikodhimo aiziva kuti Aive Muporofita, saka aitya Mwari. Haana kutendera Murume iyeye kuti abve paari, Chiedza chezuva iroro. Zvisinei kuti Zvaipesana zvakadini, kana kuti sangano rake raiti Zvaipesana sei, akaona Mwari vachisimbisa Murume iyeye uye akaziva kuti Aiva Muporofita. Uye kana Aiva Muporofita,

Shoko raShe rinouya kumuporofita, uye Aiziva zvaAitura pamusoro pazvo. Maona? Saka akaenda kuna Jesu, aida kuziva kuti angawana sei ruponeso. Kana Murume uyu aive Muporofita, Shoko raMwari raive naYe, uye Aizoziva nzira yeruponeso.

⁷³ Asi izvo Nikodhimo zvaakazodzidza ndizvo izvo vanhu vazhinji nhasi, vemasangano ezuva rino, vanofanira kudzidza. Izvo Nikodhimo aifanira kunge akaziva, ndizvo zvaifanira kunge zvakazivikanwa nevanhu nhasi, vemasangano aya. Iye aipfuurira kuva Muporofita. Akauya kwaAri kuzwana, kuMutaurira kuti amuudze nzira yeHupenyu, uye Jesu pachaKe aive Hupenyu. Uyo ane Mwanakomana ane Hupenyu. Saka haana, haafanire kuuya kuzoedza kudzidza dzidziso, anofanira kuuya kuzogamuchira Munhu wacho. Ndizvo zvazviri manheru ano! Dombo Guru repakona riri kurambwa zvakare. Chii chinonzi Dombo Guru repakona? IShoko, ndizvo. Kristu, ndiYe Shoko.

⁷⁴ Akatozodzidza chimwe chinhu. Akafunga, “Saka, zvino, Murume uyu Muporofita, Anongori Muporofita.”

⁷⁵ Saka, macherechedza here, Jesu haana kumbopindura mubvunzo wake, Akangomutsiura nokuda kwehupofu hwake. Anopfuurira kuva Muporofita, Aiva Shoko uye Chiedza cheShoko chinopenya! Akanga ari Mwari vaipenya kubudikidza nomumudziyo, achiratidza kuti akanga ari Mwari muMunhu. Akanga ari Shoko. Johane Wokutanga, chitsauko 1 . . . Mutsvene Johane, chitsauko 1, waro, inoti, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari. Zvino Shoko rakazoitwa nyama, ndokugara pakati pedu.” Zvino herinoti Shoko raMwari richipenya kubudikidza nemuchimiro chidiki ichi chakaperezeka cheMunhu, zvino Rakapofomadza sangano. Asi Anouya kuzotora dungamunhu. Anopfuurira kuva Muporofita, Aiva Shoko! Ndiye Hupenyu. Kwete. . . Haaifanira kukudzidzisa nezvehumwe Hupenyu huchauya, Akanga ari Hupenyu ihwohwo pachaKe! Akanga ari Hupenyu. Akanga ari Chiedza. Akanga ari Hupenyu. Akanga ari Hupenyu Husingaperi, hwaiva maAri, uye iYe oga ndiye Mupi weHupenyu Husingaperi. “Uyo ane Mwanakomana ane Hupenyu.” Saka une. . . haugoni kungova nekudzidzisa kweShoko kwezvaKe, unofanira kuva naYe.

⁷⁶ Unoti, “Oo, vanhu garai pasi uye modzidza Bhaibheri iroro nemashoko ose echiGiriki, uye kuti tsanangudzo dzacho chii, nenyora dzemutauro, nezvimwe zvakadaro.” Uye vasina chavanoziva nezvaMwari zvachose! Maona? Kwete! Uyo ane—uyo ane chi—chi—chimiro, uyo ane zano? Ndeuyo ane Mwanakomana, anaYe, Munhu wacho. Ndiye Uyo ane Hupenyu.

⁷⁷ Nikodhimo aiziva kuti Aiziva nezveHupenyu, asi haana kumboziva kuti Aiva Hupenyu Husingaperi. Ndizvo izvo, Murume waaitaura naye, Mutumwa, Chiedza chezuva iroro, Chiedza cheniyika. “Chiedza chinovhenekera murima, asi rima

harigone kuChikunda. Akatumwa kune vekwaKe pachaKe zvino vekwaKe pachaKe havana kuMugamuchira.” Sei? Sei? Nekuti vaive vakanyatsoita sangano, vakabatikana nekugeza mapoto nemapani, uye netsika, zvekuti vakatadza kuona Shoko rakaitwa nyama.

⁷⁸ Zvadzokorora. Zviri kudzokorora zvakare. Nhorooondo inozvidzokorora nguva nenguva. Hongu, aiziva kuti Aiva—Aiziva nezveHupenyu, asi Nikodhimo akanga asingazivi kuti Aiva Hupenyu. Ndizvo zvazviri nhasi. Vanhu vazhinji kwazvo vanoedza kuita Jesu, oo, Mudzidzisi mukuru, vanotoedza kutaura kuti Aiva Muporofita. Asi ukaedza kutaura kuti Aiva Mwari, zvakananyisa. Maona? Asi Aiva Mwari, uye ndiYe Mwari, uye Acharamba ari Mwari nguva dzose. Ndizvo zvoga. Ndizvozvo chaizvo.

⁷⁹ Cherechedzai, haAna kumboudza Nikodhimo, zvino, paakauya kwaAri, haAna kumboti, “Zvino, Nikodhimo, Ndine ruremekedzo rukuru kwauri, kuti uri mu—mu—mudzidzisi mukuru muIsraeri. Ndichakuudza, uri kutsvaga Hupenyu Husingaperi, pamwe unofanira kukwenenzvera padzidzo yako. Hautaure mazwi ako zvakanaka.” Hazvina maturo. Kana kuti, “Pamwe unofanira kutsvaga chigaro chepamusoro musangano rako, kuti uve neHupenyu Husingaperi.”

⁸⁰ Ndizvo izvo vanhu vazhinji vamboedza kuita muzuva ranhasi, uh-huh, chigaro chepamusoro, vanoda kuzobva pakuva mu—mufundisi vova mukuru wedunhu, kana—kana kuva mumwe mubhishopi kana zvimwe zvakadaro. Izvo hazvinei nechokuita naMwari zvachose.

⁸¹ Tarisa zvaAkaita pamberi pemunhu akadaro. Akamutsiura nokuda kwekusaziva kwake nguva yaakanga achirarama, “Unoda kuNdiudza kuti uri mudzidzisi mukuru muIsraeri uye usingagoni kunzwisisa zvinhu izvi, apo,” Akati, “munhu anofanira kuberekwa patsva?”

⁸² “Sei,” akati, “ini murume akwegura, ndopinda mudumbu ramai vangu?”

⁸³ Akati, “Zvino iwe uri mubhishopi, kadhinari, mukuru wedunhu muचेची yePentekosti,” kana mumwe munhu, “mumwe munhu mukuru musangano, asi hauzive Gwaro?”

“Oo, tina Mosesi.”

⁸⁴ “Dai maiziva Mosesi, mungadai maNdiziva, nokuti ndiye akataura nezvaNgu.” Maona? Asi kwete maererano netsika dzavo, sangano ravo—ravo, zvakanga vakasiyana. Asi Mosesi akataura nezvaKe, uye Aiva iYe uyo Mosesi akataura nezvake, uye zvakadaro vakanga vasingazvizivi. Sei? Vakanyatsozvisungirira netsika, vaisazviziva.

⁸⁵ Uye hama dzangu dzinoverenga, dzinotora tepi iyi, musaidzima zvino. Mirai zvisihoma, ngatitarisei chinhu ichi kumeso chaiko. Ndinokuda, uri mufudzi. Uye handisi kuedza

kuva uyo anoziva zvose. Kana ndiri kuzviratidza saizvozvo, zvadaro womisa tepi wondinamatira. Ndiri kungoedza kukuunzira chimwe chinhu chinova cheChokwadi. Usazvirega zvichikupfuura.

⁸⁶ Zvino, ndinoremekedza hurongwa hwevanhu, nezvimwe zvakadaro, asi pamunoita masangano aya... Tarisa vaFarise, vaisava nechekuita nevaSadhuse, nokuti vaSadhuse vakanga vasingatendi mune—mune kana mumutumwa kana—kana mweya, kana rumuko, kana chero chinhu, zvino vaFarise vaive nazvo zviri zviviri, zvino vaive vachirwisana. Zvino weOneness vanotenda chinhu chimwe, weTrinity anotenda chimwe, uye weMethodisti chimwe, newePresbyteriani chimwewo, uye munotara mitsetse miduku. Zvino chii chamuinacho? Kuparadzana kwehama. Sezvineiwo, tichawana nzvimbo iyoyo muBhaibheri muchinguva chidiki, kuti chii, uye kuti Mwari vanoti chimbori chii.

⁸⁷ Zvino, kwete, haAna kumbomuudza kuti akwenenzvere. Aingomutsiura nekuda kwekusaziva chinhu chemazvirokwazvo. “Iwe uri mudzidzisi mukuru here muIsraeri, asi usingazive zvinhu izvi? Kana ndakuudza zvinhu zvepanyika, uye iwe ukasazvinzwisisa...” Fungai! “Mudzidzisi mukuru, chinzwimbo chepamusoro muchechi yeOrthodox, bhishopi, kadhinari, uye haugone kana kunzwisisa zvinhu zviri nyore zvepanyama zvaNdinokuudza, ko uchanzwisisa sei zvinhu zvemweya zvinobva Kudenga?”

⁸⁸ Asi muredzi wehove asina chaanoziva uyo akanga asingatokwanisi kunyora zita rake pachake, akaZvinzwisisa, munoono, uye akaitwa mukuru wechechi paJerusarema, Petro. Maona? Oo, “Vose vaNdakapiwa naBaba, achauya.” Maona? VanoZviona. VanoZvitenda. VanoZviita, vachiziva kuti hapana chichavabata.

⁸⁹ Sezvakaita murimi. Hazvina kunaka kuita nyambo, asi kuita mufananidzo. Vakati murimi akarindirisa huku, zvino vakanga vasina mazai akakwana, akaisa zai redhadha pasi payo. Dhadha diki parakachechenywa, ndiro rakange riri chinhu chinoratidzika zvinosetsa zvakananyisa icho huku dzaive dzati dzamboona. Raive nechiso chakareba chinosekesa, uye raifamba richiti kwee pachinzvimbo chekukukudza, uye—uye huku dzose dzaidya nekuchobora-chobora mudanga. Zvino ikoko kwaisava kudya kwaro, chaiko. Saka rimwe zuva huku yakare yakaritungamirira kuseri kwechirugwi, kundobata mhashu, zvino kuseri kwechikomo kwakanga kuine dzi—dziva. Zvino mhupo yakaita sekuuya ichibva mudziva, zvino rakafemhedza mvura. Hunongova hunhu hwaro. Huku yekare yakati, “Kuku, kuku, kuku, kuku, dzoka!”

⁹⁰ Rakati, “Kwee, kwee, kwee,” rakananga kumvura chaiko. Sei? Rakanga riri dhadha, kubvira pakutanga. Hazvinei kuti huku yaikukudza zvakadii, rakanga richingori dhadha.

⁹¹ Uye ndizvo zvazviri kumunhu akafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi. Paanoona Chiedza chaMwari, hakuna masangano akakwana munyika anomuchemera achidzokera mariri. Kwete. Sei? Ndiwo hunhu hwake. Anogona kunge ainge achidya navo kwenguva yakareba, uye achidya marara avo newadzano, asi anosvika panzvimbo yaanenge awana chimwe chinhu chakasiyana, saka anochiziva. “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu,” Jesu akadaro, “mutorwa haangateveri.” Vanogona kunge vachitevera chimwe chinhu chisinganzwisike, asi pakadzika mavari pane chimwe chinhu chakasiyana. Ngavanzwe Chokwadi pane imwe nguva, uye muvatarise. “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya.”

⁹² Hongu, Akamutsiura nekuda kwekusaziva. “Iwe uri mudzidzisi mukuru muIsraeri, uye usingazivi zvinhu izvi? Unofanira kuzvarwa patsva!” Zvino, munhu wenyama, ndinoda ku...imi mucherechedze chimwe chinhu pano, “Unofanira kuzvarwa patsva.”

⁹³ Zvino, hupenyu hwepanyama, kana tine hupenyu hwepanyama, kuti tive tinoshena-shena muhupenyu huno hwepanyama, muzvinhu zvepanyama, tinofanira kuva nekuzvarwa panyama. Havangokukwachure kubva pane mumwe muti pane imwe nzvimbo, munoona, vokuisa uko neimwe nzira. Vakazviedza, asi hazvina kushanda. Kunofanira kuva kuzvarwa chaiko, kuzvarwa kwepanyama, kuchikuita kuti uve unoshena-shena kuti uve nepfungwa shanu, kufamba, kutaura, kuona, kuravira, kunzwa, kunhuwidza, kunzwa nenzeve, kufamba-famba, zvichingodaro, nekuti zvino wava munhu wenyama, uye iwe—uri pasi pezvinhu zvese izvi nekuti zvinopinda muhupenyu hwenyama.

⁹⁴ Uye, mukuzvarwa kwakadaro, dzimwe nguva tinova takachenjera zvikuru muhuchenjeri hwenyika kana zvinhu zvenyika, tova Vatungamiri venyika ne—nevadzidzi vakuru, uye navanamazvikokota vari vanamakanika nevesainzi, nevamwe vakadaro. Uye munogara muchiziva, kubva pakutanga chaipo, vaiva vana vaKaini vaiva nehuchenjeri hwakadaro; kwete vaSeti, vaive vachengeti vemakwai vakazvininipisa. Asi vana vaSeti vaiva vanhu vane humwari. Asi vana vaKaini vaive nguva dzose vakangwara, vari pamusoro, sainzi, vanachiremba uye vanhu vakuru. Ndizvozvo. Bhaibheri rakataura kudaro, munozviza, Rinodzidzisa izvozvo. Uye vachinamata zvikuru, asi vakaparara pakupedzisira. Tinova vakachenjera nekuenda kuchikoro, nekutora dzidzo, nezvimwe zvakadaro, tinova vakachenjera zvikuru, vakangwara, uye vanogona kuita zvinhu uye nokutaura zvinhu, uye dzimwe nguva kutozotaura kupfuura mumwe munhu akazadzwa neMweya. Jesu haana here kuti, “Vana venyika ino vakachenjera kupfuura vana veHumambo”? Chokwadi, nokuti ivo, nenjere dzavo zvokuti vanokwanisa—kwanisa kutaura uye vagopfuura pakungwara uye nekupfuura

pakutura, uye votora Magwaro nekuAmonyorora kuti Ataure zvinhu zvaAsingataure.

⁹⁵ “Oo, haAnyatsoreva izvozvo.” Kana munhu adaro, ibva paari. Mwari vanorindira Shoko raVo, munoziva, Bhaibheri rakadaro. Rakanyorwa nenzira chaiyo yaRinofanira kuva. Maona? Zvino, Rakaiswa nenzira yokuti rinyengedze, kana kuita kuti vakachenjera vagumburwe naRo. Riri nyore kwazvo, ndicho chikonzero vachigumburwa naRo. Maona? Zvakanaka.

⁹⁶ Huchenjeri hwose uhu nezvinhu zvavanogona kuunganidza, zvakadaro, asi zvinobva... kuberekwa ikoko kunobva pasi, penyika ino. Ndekwepanyika, uye kunopesana neMweya waMwari. Kuberekwa kwekutanga, kunotiita kuti tive vanoshena-shena pano, kunotiita vanhu vanofa, nokuda kwechiito chechivi mubindu, kwakaita kuti munhu auye munyika kubudikidza nomukadzi. Uye munhu wakazvarwa nemukadzi ane mazuva mashoma, asi munhu akazvarwa naKristu anogara Nekusingaperi. Jobho akati, “Munhu akazvarwa nomukadzi ane mazuva mashoma uye azere nematambudziko.” Cherechedzai, asi munhu akaberekwa naKristu, anofanira kuberekwa kubva Kumusoro. Zvino, asi munhu akaberekwa panyika, anova akachenjera uye anogona potse-potse kutopfuura pakungwara.

⁹⁷ Tarisai kungwarisa kwaive kwakaita dhiyabhore, akanyengera muprisita wese akauya panyika. Chokwadi akadaro. Akanyengera, achiri kuzviita. Hongu, chokwadi akazviita. Aive akangwara, asi akauya achipesana nemukwikwidzi wake, rimwe zuva, Uyo akamukunda. Uye chinhu choga chatinofanira kuita kungozembera paAri, Akatomukunda nechekare. Maona?

⁹⁸ Asi hunobva pasi, uye ihwo, huchenjeri uhu hunounganidzwa nemunhu kusimbisa nekuratidza zvinhu zvese izvi kuti sei munhu achifanira kuita *izvi* uye munhu achifanira kuita *izvo*, zvinopesana uye imhandu (pfungwa yenyama) kuna Mwari. Gwaro rakatura kudaro. Ndizvozvo. Zvisinei nekuti vakachenjera sei, vanogona kuzvimonyorora. Ndinoda kuti mumwe munhu andiratidze apo Mwari vakambova nesangano kana kuti vakamboraira rimwe, kunze kwekuripomera pano muBhaibheri. Zvisinei nekuti vangaedza sei kuva vakangwara, zvinopesana! Huchenjeri hunogona kumira sei uye hwokukurira pagakava, uye hwokuita kuti unzwe kuva mudiki *zvakadai* zvisihoma nekukuudza nezvazvo, asi zvinopesana neMagwaro.

⁹⁹ Mumwe munhu akati kwandiri, “Hama Branham, pane chinhu chimwe chete chandinopesana nemi.” Akati, “Muri weJesus Only.”

Ndikati, “Handisi. Handisi wechero sangano zvaro.”

¹⁰⁰ Mukuru werimwe dunhu akatuma, rimwe zuva, ndokuti, “Mumwe munhu akandiudza kuti muri weJesus Only, Hama Branham.”

Ndikati, “Izvozvo zvinopesana. Handizvo.”

¹⁰¹ Akati, “Vakandiudza kuti munotenda murudo rwakasununguka, kuti varume ngavasiye madzimai avo votsvaga...” Zvino, munoono, angori manyepo adhiyabhore. Munozviziva izvozvo.

¹⁰² Ndakati, “Ini ndinopesana zvachose nezvinhu zvisiri muMagwaro zvakadaro! Ndinotenda muhutsvene nekuchena. Ndinotenda kuti murume akasingirwa kumukadzi wake chero bedzi vari vapenyu.” Haufanire kumutora usina kutanga wanamata.

¹⁰³ Zvino Jesus Only, boka reJesus Only, hapana chandinopikisana naro, vakangoita sezviri chero rimwe boka rose zvaro, kwandiri. Asi vanobhabhatidza zvisiri izvo, vanobhabhatidzira kuvandudzwa. Ndinotenda kuti tinovandudzwa neMweya Mutsvene, kwete nemvura. Ndinoshandisa Zita raJesu Kristu murubhabhatidzo, uye hakuna rimwe Gwaro muBhaibheri rinotsigira...rinoriita kuti ripesane. Mubhaibheri makanga musina munhu akambobhabhatidzwa muzita ra “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.” Ndinoda kuti mumwe munhu auye andiratidze nzvimbo imwe chete munhu mumwe akabhabhatidzwa zvakadaro. Saka, kana zvisiri mumagwaro, rega kuzviita!

Unoti, “Hazvina mutsauko wazvinoita.”

¹⁰⁴ Zvakadaro kuna Pauro. Akavaraira kuti vabhabhatidzwe zvakare, muZita raJesu Kristu, uye zvakare ndokuzogamuchira Mweya Mutsvene. Zvino Pauro akati, “Kana mutumwa anobva Kudenga,” VaGaratia 1:8, “akauya, akadzidzisa chero rimwe vhangeri,” risiri iro raakanga adzidzisa, “ngaave wakatukwa.”

¹⁰⁵ Munoono, itsika. Ndakataura nemumwe murume mukuru kasiri kare. Akati, “Hama Branham, handikwanise. Ndinoziva kuti Ndizvozvo,” akati, “asi chii chandingaita pamusoro paRo?”

Ndakati, “Riteerere!”

Akati, “Manje, ndi—ndine chiremerera pakati pevanhu vedu.”

¹⁰⁶ Ndakati, “Asi ndinoda chiremerera naMwari, saka teerera Shoko raVo. Unofanira kutora sarudzo yako, yokuti uhashumira Mwari here kana munhu?”

¹⁰⁷ Asi vanotora sangano ravo, voisa zvitaurya izvozvo mavari, zvoenda zvichidzika zvakadaro. Kekutanga pazvakamboshandiswa maive muchechi yeRoma Katorike. Ndizvozvo. Ndinoda mumwe munhu azondiratidza chimwe chinhu chakasiyana. Ndakaverenga nhorooondowo, zvakare, munoziva. Saka rangarirai, ndirwo rubhabhatidzo

rwechiKatorike, uye munhu wese anobhabhatidzwa nenzira iyoyo anobhabhatidzwa mukuwadzana kwechiKatorike. Ndichazviratidza usiku husati hwapera, kana Ishe vachitendera. Ndizvozvo. Ndicho chikonzero muchifanira kudzoka.

¹⁰⁸ Kwete veJesus Only. Zvino, mune varume vakawanda vakanaka muchechi yeJesus Only. Mune varume vakawanda vakanaka muAssemblies of God, Church of God, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, neKatorike. Asi hakuna rimwe rawo rinova Chechi, kana rimwe rawo. Mune vanhu imomo vari vemuChechi iyoyo. Asi harisi sangano iroro ravainaro rinovaita Chechi, sezvinoita vanhu vanoedza kuzviita kuti zvive saizvozvo. Hazvina kunaka. Mirai zvishoma tigozika zasi tichikupai rumwe Rugwaro munguva shoma.

¹⁰⁹ Hongu, kuti uve unoshena-shena pasi pano, unofanirwa kuzvarwa panyama kuti unge uchishena-shena, uye kuberekwa kwakadaro kunotiita vachenjeri sezvandareva. Maona? Uye tinova vakangwara, vane njere, njere dzedu dzinotipa izvozvo. Asi rangarirai kuti kuzvarwa ikoko, mavambo ako chaiwo, anopesana. Ndekwepanyika uye kunopesana neShoko raMwari, hupenzi kuna Mwari nekuzano raVo, hakuzive zano raMwari. Dai zvisina kudaro, Nikodhimo angadai akaziva kupfuura zvaizivikanwa naJesu neZvazvo. Maona? “Iwe hausu mudzidzisi mukuru here muIsraeri?” Maona? Munoono here kunoenda masangano enyu, uko varume venyu vakuru vakangwara vanosangana pamwe chete vogadzira zvirongwa zvavo, vogadza?

¹¹⁰ Regai ndikuudzei izvi. Nguva yese Mwari pavanotumira Chiedza panyika, pane chimwe chinhu chiri muGwaro, vanomhanya pakarepo vachienda nacho. Zvino munhu iyeye paanongoenda, vanoita sangano kubva pazviri. Uye pavanongoita sangano, ndinoda kubvunza chero munzveri wenhorondo (aripo pano zvino, kana kuti zviri pamatepi) kuti auye azondiratidza. Panguva ipi zvayo munhu paakamboita sangano rechechi, rakafira ipapo uye harina kuzombomuka zvakare. Zvinopesana naMwari. Zvinopesana neMagwaro. Naizvozvo ndinopesana naro. Chose chinopikiswa naMwari, kana Mwari vari mandiri, zvadaro ndinopesanawo nezvinopesana naMwari. Muvengi wavo muvengi wangu. Chechi yavo iChechi yangu. Hupenyu hwavo Hupenyu hwangu. Vakapa Hupenyu hwaVo, Vakava ini kuti ini kubudikidza nyenyasha dzaVo ndizova ndinofanana naVo. Maona? Takachinjana nzvimbo. Vakava mutadzi seni uye vakandifira, panzvimbo yangu, kuti ndigova mwanakomana waMwari sezvaVaiva.

¹¹¹ Zvino munoono kwakatosvikwa nemasangano enyu here? (Hatisati tatanga.) Vakachenjera muhuchenjeri hwenyika asi vakafa kuzano raMwari! Zvino ngatitarisei kumashure, timire pano kwechinguvana.

¹¹² Adhamu aipesana nezano raMwari, nekuti akange asina kuteerera Shoko. Akaedza kuzvigadzirira chifukidzo, chinamoto. Chakakundikana, uye chagara chichikundikana, izvo munhu anoedza kuita. Nimirodhi akanga asina kunaka. Kora akaparara. Vaiedza kuitei? Kuita sangano.

¹¹³ Uye mushure maizvozvo, pavaKapedzisira vazozviita sangano, Jesu akavawana, vakafa! Akati, “Mune maziso asi hamugoni kuona. Mune nzeve asi hamugoni kunzwa.” Maona? Akati, “Muri mapofu, anotungamirira mapofu. Kana bofu richtungamirira bofu, haangawiri mugomba ose ari maviri here?” Akati, “Iwe hausi mudzidzisi mukuru here muIsraeri, uye usingatombonzwisisi kuti kuberekwa patsva chii? Apo, dai wakagarira kure netsika idzodzo, uye wakabatirira paShoko, ungapai wakaziva kuti Ndaiuya kuzopa vanhu kuberekwa patsva. Mungadai makaziva zuva raNgu. Dai makaziva Mosesi, mungadai makaNdiziva. Mosesi akataura nezvaNgu uye akati Ndaizouya, zvino Ndiri pano! Uye kana Ndikasaita zvinhu zvakanzi naMosesi ne vaporofita Ndaizoita, saka musaNditenda. Kana Ndikasaita mabasa aMwari, saka musaNditenda. Asi kana musingaNditendi, ndiri Munhu, uye kana musingaNditendi nokuti Ndiri Munhu uye kuita mabasa aMwari, tendai mabasa nokuti anopupura pamusoro pechinhu chandiri kuita.” Maona?

¹¹⁴ Asi ipapo, sanhasi, dai Ainge ararama panyika nhasi, Assemblies of God ingadai ine mumwe, Oneness yaizova nemumwe, uye munhu wese aizova naJesu. Chokwadi, sangano ravo ndiro rinofanira kumhanya nyenya yacho. Maona? Kana risiri kuenda, saka ivo havasi kuenda. Kupatsanura hukama.

¹¹⁵ Ndinoyeuka mukomana mudiki ainzi “David mudiki.” Ava murume, akatoroora zvino, ndinofungidzira ave nemhuri. Ndinorangarira paakatanga. Ndakaenda kuSt. Louis. Ndakanzwa nezvevakomana vadiki vaparidzi, wekuti aisimuka kumusoro ikoko oti, “Jesu, mukomana muduku, akaberekerwa muchidziro chezvipfuwo. Amai, zvimwe zvacho zvaive chii?” Asi kwete mukomana mudiki iyeye. Akakandira jasi rake kwakadaro, akatora chidzidzo ndokuparidza. Asi aiva chii? Akanga ari weJesus Only. Baba vake, VaWalker, vaiva veJesus Only. Manje, veAssemblies havana kuzvifarira izvozvo. Vakatozovitsvagira mumwe David mudiki. Manje, vamwe vose vakatozoviwanira David mudiki. Uye imwe nguva mukomana mudiki uyu paakanga achiita musangano zasi kuFlorida, akandidana kuti ndiuye zasi kuzomubatsira. Zvino Hama Moore neni takaverenga mapeji maviri echikamu chepamberi chebepa, asina chimwe chinhu kunze kwevanaDavid vadiki, chechi imwe neimwe yaive naDavid mudiki. Oo, nhai vedu! Nhai, dai boka revakuru vekwaMwari rakange rakacherechedza chipo chaive chiri mumuchinda mudiki iyeye, angadai akapinza zviuru zvemweya muHumambo, munoona; momuudza kuti akanganwe

tsika yake pamusoro pemunhu neizvi zvakadaro. Mwari vaive nechipo muhupenyu hwake, chishandise!

¹¹⁶ Pakatanga kuziviswa kupodza kwaMwari, munhu wese aive nemanzwiro mumaoko avo uye nokukwanisa kunhuhwidza zvirwere. Uye, oo, ini zvangu! Sei? Vakatozozviita, sangano ravo rakanga riri munhangemutange yacho. Munoono, mune masangano enyu ari mberi kwezano raMwari, munofunga kuti ndizvo. Asi Mwari vane Chechi yaVo iri kuenderera mberi zvimwe chetezvo, Mutumbi wakavanzika. HauIjoinhe, unozvarirwa maIri.

¹¹⁷ Vakachenjera muhuchenjeri hwenyika, asi vakafa pamazano aMwari. Ndiudzei, zvino. Ndiudzei, zvino. Unogona kuvaudza nokuratidza kwavari kuti vari kukanganisa, neShoko raMwari nevimbiso, asi zvakadaro havazvione. Ndinogona kunyatsogara pasi nditora Shoko ndokuratidzai kuti sangano riri kukanganisa. Ndinogona kukuratidzai kuti zvitendwa zvamunazvo nhasi zvakaipa, munoono, zvitendwa izvi zvechechi. Ukaratidza kuti hazvina kunaka, uye ivo vanoti, “Manje, isu takadzidziswa kutenda *izvi*.” Munoono, semaonero angu, i—isoro richapiswa, kana muchiziva zvandiri kutaura pamusoro pazvo, sora richapiswa. Hongu, ndizvozvo. Havagoni kuona. Jesu akati, “Imi, imi—imi hamukwanise kuona, kuti muzouya kwaNdiri uye muve neHupenyu.”

¹¹⁸ Kwaiva naNikodhimo, murume airemekedzwa, murume mukuru, bhishopi muchechi yake, murume aiva nomukurumbira, aidiwa nemunhu wose, uye akauya kuna Jesu uye asina chaaziva nezveHupenyu zva—zvachose. Akanga asingazivi zvikuru nezvaWo apo Jesu akamutsiura nokuda kwazvo, asi akanga akaperera zvakakwana kuti auye. Vamwe vese havana kana kumbouya. Vakamirira kure nevaprisita vakuru uye naBhishopi *Nhingi-nhingi* na*Nhingi-nhingi*. Maona? Vakamirira kure navo, zviri nani kutora tsika dzavo dzevakuru vavo pane kunzwa Shoko raMwari.

¹¹⁹ Zvino, unogona kuvaudza, ivo havazviteerere. Unonyatsogona chaizvo... Ungafungidzira here... Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Handisi kureva izvi kuti ndimhure. Zvino, hama dziri kuterera tepi, handireve izvi kuti ndimhure. Ungandifungidzire here ndichibuda kunze kuno, uye—uye pfundo riri pamuti raigona kundibvunza, “Ko unombofamba sei chaizvo sezvaunoita? Ndine hupenyu, ndiri pfundo pamuti uyu”? Rinogona kuratidza kuti rine hupenyu, asi imhando isiriyo. Kana richida kufamba-famba, nzira yoga yaringave richifamba-famba, kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza uye kunzwa, dai raikwanisa kutaura uye rotaura kwandiri uye robvunza izvozvo, nzira yoga, raitofanira kuzvarwa nenzira imwe chete yandakazvarwa nayo. Ameni. Haraizombofa rakazvinzwisisa nechero imwe nzira. Asi kana rakaberekwa nenzira imwe cheteyo yandakaberekwa

nayo, ipapo richaziva zvinhu zvandinoziva. Amen. Oo, ini zvangu! Hongu, changamire. Haugone kutaurira pfundo riri pamuti mafambiro atinoita uye nekushena-shena, raitozofanira kugamuchira mhando yehupenyu hwedu kuti rizvinzwisise. Zvimwe chete neMweya! Ndizvo zvimwe chete neMweya, kana kuti haukwanise kuUnzwisisa. Hapana chikonzero chekuedza kuUnzwisisa zvachose, chingouya kwaAri kutanga. Nokuti, “Kunze kwekunge munhu azvarwa patsva, haatombokwanise kana kuona Humambo,” Akati, ndiko kuti, “kuHunzwisisa.” Unofanira kuzvarwa patsva kuti uHunzwisise.

¹²⁰ “Saka,” unoti, “ndakazvarwa patsva.” Uye woramba Shoko? Ungava sei? Hupenyu hwako pachako hunokupupurira kwazviri, boka rako pachako rawakabatanidzwa naro, dzinofura nzivani. Maona? Mirirai kusvikira tadzika kuzvinhu izvozvo mumaminitsi mashoma, munoona.

¹²¹ Zvinouya neMweya. Ungaudze vanhu sei zvinhu zveMweya vasina kuberekwa neMweya? Unofanira kuzvarwa neMweya kuti unzwisise zvinhu zveMweya. Je... Jesu akati, “Mhepo inovhuvhuta ichienda kwainoda, haugoni kuziva kuti inouya nenzira ipi kana kwainoenda.” Maona? Ndizvo zvakaita munhu wese akaberekwa neMweya, havakwanise kukuudza. Munhu akaberekwa neMweya haafungi chinhu, anorega Mwari vari ivo vanofunga.

¹²² Unofunga here kuti ini ndingamira papuratifomu pano, ndofunga ndoudza murume kumashure uko, “Zita rake ndi *John Doe* uye anobva kunzvimbo *yakati-yakati*, akaita *izvi*. Uye akarooro mumwe mudzimai kumashure uko, makore makumi maviri apfuura, uye akaita vana nemukadzi uyu. Anofanira kudzosera chinhu *chakati*, uye oita *zvakati*,” unofunga, nekungofunga, ndingagona kuzviita here? Hakuna huchenjeri hwakadaro mukuzvarwa uku pano panyika hweizvozvo. Hunopfuurira ihwohwo. Hunofanira kubva Kumusoro. Zvino kana wazvarwa neMweya, Kumusoro, Hupenyu hwaiva maAri Uyo akaita zvinhu izvozvo, akati, “Mabasa aNdinoita, nemi muchaaaitawo.”

¹²³ Kuberekwa kwako kunofanira kushandurwa. Iwe wakanyengerwa. Unogona kunge wakataura nendimi, unogona kunge wakasvetuka-svetuka, unogona kunge wakadaidzira, unogona wakaita zvese *izvi*, *izvo*, *zvimwewo*, unogona kunge waive nhengo ya—yakavimbika. Ndizvo zvakanga zvakaaitawo Nikodhimo, munoona, asi akanga asina kuzvarwa. Uye paunoramba Shoko, woedza kuRiisa kune imwe nzvimbo woita chimwe chinhu kwaRiri, uye woRiparadzira saizvozvo, zvino... Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Endai munyika yose uye muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvose.” Chero bedzi Vhangeri richiparidzwa, zviratidzo izvi zvichatevera. Ndiudzei nzvimbo yaAkambozvibvisa muhechi. Ndiratidzei Gwaro paAkataura, paakamboti, “Kwenguva

yakareba zvakadai.” Akati, “Kunyika yose nekuzvisikwa zvose!”

¹²⁴ Hongu, ufanira kugamuchira mhando yeHupenyu hwaAiva nahwo, kuti urame Hupenyu hwaKe. Uye paunona Hupenyu hwaKe, zvino uchaziva Shoko raKe. Ndizvozvo. “Apo iYe,” chisazitasingwi, kwete pfungwa, kwete fungidziro, kwete manyawi, asi “kana iYe, Mweya Mutsvene, auya, Achatora zvinhu izvi zvandakakuudzai, uye wozvizarurira kwamuri, uye achakuratidzai zvinhu zvichauya.” Ndiko kuzvarwa. Ndiko kusimbiswa kwekuti ndiRo Shoko. Uye kana munhu achiti ane Mweya Mutsvene, zvino oramba Shoko raMwari uye oRiisa kune imwe nzvimbo, ko Mweya Mutsvene angaramba sei Shoko raKe pachaKe? Zvino ndiratidzei sangano riri muShoko. Hezvoka izvo. Maona? Zvakanaka.

¹²⁵ Ungafunga here nezvemuzvinabhizimisi. . . Zvino hekuno kusarira shure kuri chechi yedu. Ungafunga here nezvemuzvinabhizimisi akatanga bhizimisi zasi kuno, riri. . . ibhizimisi riri kubudirira chaizvo, uye anofanira kuwana rumwe rubatsiro nokukurumidza chaiko, zvino obva aenda kune boka revarume vakafa, zvitunha, uye achiti, “Mungauye kuzondishandira here?” Havaizova nebetsero kwaari.

¹²⁶ Ndicho chikonzero sangano risingambomuki zvakare. Maona? Boka rakafa risingatendi richizviunganidza pamwe chete saNimirodhi, saKora, sezvazvaive zviru zvichidzika nemuzera. Zvingadaro sei. . . Havana kumborishandisa, havana kumboshandisa sangano. Havakwanise kuzviita. Rakatogara riri kunze kwekuda kwaMwari, rakapfuurira ipapo. Harisvikirike, harichatsvagike.

¹²⁷ Ungaenda sei kune munhu asingakwanisi kufamba, akaoma mitezo musoro, ruoko netsoka, womuudza kuti unoda kuti akumhanyire munhangemutange, mhanya nhangemutange iyi nekutsungirira, wosiya parutivi. . . Maona? Angagona kuzviita sei kana murume wacho asingakwanisi kufamba, akaoma mitezo? Unofanira kubvisa kuoma mitezo paari, kutanga, zvadaro anozogona kumhanya.

¹²⁸ Ndizvo zvinodiwa nesangano, kupodza kwaMwari. Oo, ini zvangu! Ndinovimba handisi kuwana. . . kunzwika sekutsoropodza. Munoono, handisi kutsoropodza, asi kana chipikiri chisina kubhendeswa kwachakabudikira chinovomhoka zviru nyore. Maona? Ndiko kusaka Mweya Mutsvene usingakwanise kushandisa sangano. Parinongo. . .

¹²⁹ Rangarirai, ndinotenda kuti Martin Luther aive neMweya Mutsvene. Zvemazvirokwazvo. Pamwe kwete muchiyero chaUri nhasi, nokuti Waive usati wapihwa. Takapfuura nemune izvi, imi vanhu vepatabhenakeri, pano pabhodhi dema. Asi akatenda kuna Mwari, “uye uyo anotenda ane Hupenyu husingaperi.” Handina kumbofunga kuti kune munhu anotenda izvozvo seni,

kusvika mangwanani ano, ndanzwa Charles Fuller pandanga ndichidzika. Anotendawo, zvakare, kuti kuzvarwa patsva hakusi kubhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Kuzvarwa patsva ndiko kuzvarwa. Mweya Mutsvene ndirwo rubhabhatidzo. Maona? Zvakanaka.

¹³⁰ Zvino tinoona kuti murume uyu anofanira kuzvarwa patsva kuti ave anoshena-shena. Zvakanaka, kuberekwa nenyama, zvararo unova nehuchenjeri hwenyika. Uye huchenjeri hwenyika hunoteerera mudzidzisi wahwo wepanyama. Ndizvozvo. Ndicho chikonzero chaicho chekuti munhu asina kuzvarwa patsva, uye womuudza Shoko raMwari, vanoteerera bhishopi wavo, mukuru wavo wedunhu kana sangano ravo, panzvimbo yeShoko reHupenyu. Sei? Hapana chimwe chahunoziva kunze kweizvozvo. “Handiti, munoziva, rimwe zuva ndingazova mukuru wedunhu.” Handiti, Nikodhimo aive mudzidzisi mukuru. Izvozvo zvaipfuurira kuva mukuru wedunhu, izvozvo zvaipfuurira kuva mu—mu—mufundisi, izvozvo zvaipfuurira, aiva mudzidzisi mukuru muIsraeri. Maona? Hongu, uye akanga ari munhu mukuru, aiva weboka iri uye asina nechaanoziva pamusoro paMwari zvachose. Maona? Chaaingoziva choga yaive imwe nhorondo.

¹³¹ Mwari wenhorondo anobatsirei kana Asiri mumwe chete nhasi? Mwari waMosesi anobatsirei kana asiri Mwari mumwe chete nhasi? Anobatsirei Mwari anogona kuponesa munhu pamuchinjiko asingakwanise kuponesa mumwe chete ane mamiriro mamwe chete nhasi? Sezvandagara ndichitaura, “Zvinobatsirei kupa shiri yako yemukeji mhodzi dzakanaka uye nemavhitamani, kuiita kuti ive nemapapiri akasimba neminhenga yakanaka, woiisa mukeji?” Handizvinzwisise. Woedza kumuudza nezvaMwari wemasimba nezvinhu, womupinza musangano risingatombotendi muchinhu chakadaro. Maona? Zvese hazvimo. Ndicho chikonzero zvichikundikana, akafa. Haugone kurishandisa. Mwari havana kumborishandisa.

¹³² Chimbofunga, Mweya Mutsvene hauna kumbodaro, chero nguva zvayo, kushandisa sangano, hapana pazviri muGwaro uye hapana munhorondo. Kana ani zvake ari patepi ino, kana ari pano, anogona kundiratidza apo Mweya Mutsvene wakatora sangano ndokufambira mberi munyika, huya undiudze. Ndinoda kuti undiudze bhuku renhorondo mazvakabva. Munoziva kuti hazvisi muMagwaro, saka ndinoda kuti mundiratidze munhorondo mazvakabva. Mwari havana kumboshandisa chinhu chakadaro. Vanoshandisa dungamunhu, nguva dzose.

¹³³ Zvakanaka, kuberekwa neMweya. Zvino, kuberekwa nenyama, uye wova nehuchenjeri hwenyika, huchenjeri hunoteerera mudzidzisi wahwo wepanyama. Kuberekwa neMweya kutenda nekuteerera dzidziso yeBhaibheri, kubudikidza neMweya Mutsvene. Uye munhu akaberekwa

neMweya anoteerera Shoko raMwari zvisinei nekuti chero tsika ipi zvayo inomuudza chii. Ndizvo chete. Wakazvarwa zvakare, ndicho chikonzero uchiona. Kuva wesangano, woisa tariro yako yese mariri. . .

¹³⁴ Zvino, handiti vanhu vari musangano havana kuzvarwa patsva. Zvino, ndichasvika kwazviri mumaminitisi mashoma, Ishe vachitendera. Chokwadi, vakadaro, asi ivo vanhu pachavo. Kwete kuti sangano rakazvarwa patsva; vanhu varimo vakazvarwa patsva. Asi sangano rinongomubvisa pana Mwari, ndizvo zvoga zvarinoita: kupatsanura. Zvakanaka. Zvisinei nenyama, sangano rinodzidzisa nyama, rinogara richipesana nekuda kwaMwari.

¹³⁵ *Kuzvarwa patsva* zvinoreva “kuberekwa kubva Kumusoro.” *Zvakare* zvinoreva “kubva Kumusoro.” Ndinofungidzira kuti munozviziva, munoona. *Kuzvarwa patsva* zvinoreva “kuberekwa kubva Kumusoro.” Zvino, muchaona, unogona kuzviverenga kana uchida, duramazwi. Munoona, zvinoreva “kuberekwa kunobva Kumusoro.” Nokuti, wakazvarirwa *pano*, zvino kuzvarwa patsva unofanira kuzvarwa kubva kumusoro *Kuno*, kuti uzvarwe patsva. Zvino Humambo ihwohwo hwakakwirira zvikuru kupfuura humambo huno, hukuru zvikuru kupfuura humambo huno, kusvikira humambo huno hupenzi kune iHwohwo, uye iHwohwo hupenzi kune uhu.

¹³⁶ Sezvandagara ndichitaura, ini nemudzimai wangu pano kasiri kare takaenda kunotenga magirosa, yaive mwedzi mishoma yapfuura, zvino takaona mudzimai akanga akapfeka siketi. Uye chaive chinhu chainyanyisa kushamisa chataive tamboona munguva refu.

¹³⁷ Saka, mangwanani ano, handisi kutaura izvi kuti ndimhure, ndanzwa rimwe remasangano makuru ane mukurumbira. Zvino mwanasikana wangu neni tanga tichiteerera redhiyo patanga tichienda kunokumikidza chechi. Zvino rwiyo rwavaimba, imwe mhando yechimwewo chinhu rwa*Nhingi-nhingi*, kumwe kwekuimba kuya kwenyika dzekumadokero kunonzwika kwandiri sevakadzi vachimira kufema kusvika vaita bhuruu kumeso, zvino vobva wafunga kuti ikoko kuimba. Ikoko kuzhviririka. Ndinofarira kuimba kwakanaka kwekare kwePentekosti, kunobva pamwoyo wako chaipo. Usingagoni kuimba zvachose, asi vakadaro uri kuimba, uchiita ruzha rwemufaro kuna Jehovha. Ndinofunga kuti ndezvemweya. Ndinozvivarira. Asi zvokumbomira kufema zviya kusvika wangove bhuruu kumeso, wopera izwi wozodzoka zvakare, uri. . .Hautombozviziwe iwe pachako zvauri kuimba. Ko unotarisa kuti mumwe munhu azive sei? Ndizvozvo. Jesu akati, “Tinotaura zvinhu izvo zvatinoziva.” Ndizvozvo. Ndizvozvo. Chatinofanira kuita kuimba zvatinoziva mumwoyo medu, zvatinozwa matiri.

¹³⁸ Uye pavapedza, mwanasikana wangu anodzidza mumhanzi, uye akati, “Hama,” akati, “rwanga rwuri rwemhando yepamusoro chaizvo.”

¹³⁹ Ndikati, “Hongu, asi vangani kubva mukwaya iyoyo yevanhu vangangosvika makumi mashanu vaunofunga kuti vanga vaine munhuwi wefodya mukanwa mavo? Vangani vemukwaya iyoyo vaunofunga, manheru apfuura zaaive manheru eMugovera, vakatonwa doro zvishoma vachitandara? Vakadzi vangani imomo vaive nevhudzi rakagerwa? Vangani vakanga vakapenda, apo mufundisi wechechi akataura mazuva mashoma akapfuura, ‘Mwari vakagadzira nyika yakawedzera runako paVakagadzira pendi?’” Apo, tichiziva kuti pane mudzimai mumwe muBhaibheri akapenda kumeso kwake, uye Mwari vakamudyisa nembwa. Uye isu, chero munhu anoziva chero chinhu nezvechechi uye nezvevahedheni, anoziva kuti pendi maitiro echihedheni, zvagara zvakadaro. Asi, zvakadaro, vakadzi vanozviita. Uye varume vachiputa, vachinwa, nokuenderera. Uye vakamira ipapo vachiimba, manzwi akadaro. Tichasvika kwazviri mumaminitsi mashoma pano chaipo. Zvakanaka. Vari vemafungiro esangano, apo, pachange paine kuodzwa mwoyo paKutungwa, pamaonero angu.

¹⁴⁰ Kuzvarwa neMweya, kutenda nekuzvibata muMweya, kunzwisisa uye nekutenda nemoyo wako kuti Jesu ndiye Kristu uye iRi ndiro Shoko raKe, kuti hapana mamwe mashoko anogona kuwedzera paRiri kana kubviswa paRiri zita rako rikasabviswa muBhuku reHupenyu. Izvi zvange zvakasimba. Kana ukawedzera chinhu chimwe paRiri, mutsika dzenyu, kana kubvisa chinhu chimwe paRiri, saka, Kristu akati, pachaKe, “Zita rako richadzimwa kubva muBhuku reHupenyu.” Zvino, tsvaga chechi, sangano muBhaibheri. Uchatiza kubva pariri! Zvakanaka. Zvisinei nenyama, dzidziso yesangano inopesana neBhaibheri. Hongu. *Kuzvarwa patsva* kunoreva kuti “Kuberekwa patsva kubva Kumusoro; kuberekwa kubva Kumusoro.” Zvino tinenge tichishena-shena muzvinhu zvinobva Kumusoro. Oo, ini zvangu! Nokuti ndiYe pachaKe ari kushanda muShoko raKe kuburikidza nemauro, bazi raKe, kuDzinde.

¹⁴¹ Ndicho chikonzero Jesu akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda.” Oo, zvirokwazvo! Akati, “Hakuna munhu akambokwira kumusoro Kudenga kunze kwaiYe akaburuka kubva Kudenga.” Mutarisei achigadzirisira Nikodhimo pano, apo Nikodhimo... Munoziva, vaifunga kuti, iYe ari Munhu, haAigona kuva Mwari. Uye Akati, uye ipapo Akati, “Hakuna munhu akambokwira kumusoro Kudenga kunze kwaiYe akaburuka kubva Kudenga, kunyange Mwanakomana woMunhu ari Kudenga zvino.” Zvakanga zvamunyanyira. Ko Aizviita sei, Mwanakomana wemunhu, kuburuka kubva Kudenga, kuburuka *pasi* achibva Kudenga, ari mumwe chete

akakwira *kumusoro* Kudenga, uye Mumwe chete amire pano pamusoro peimba ino, achitaura naNikodhimo, akanga zvino *ari* Kudenga? Zvakanaka, aifanira kunge akaona kuti aive Mwari. Ari kwese-kwese, nzvimbo dzese! Maona? Asi iye, mutsika dzake, akanga asingazivi izvozvo. Akanga asina pfungwa yemweya. Pfungwa yenyama, uye ndokutadza kuzvibata.

Anoti, “Ko vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini ani?”

“Vamwe vanoti, handiti, ‘Ndiye Mwanakomana waDhavhidhi.’”

¹⁴² Akati, “Zvino sei Dhavhidhi muMweya akaMudana kuti ‘Ishe,’ akati, ‘Ishe akati kuna Ishe wangu, “Gara haKo kuruoko rwaNgu rworudyi, kusvikira Ndaita vavengi vaKo chitsiko chetsoka”?” Kutu sei Ari zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi; Akanga aripo Dhavhidhi asati avapo, Akanga ari Dhavhidhi, uye mushure maDhavhidhi. Maona? “Ndiye Mudzi neBukira raDhavhidhi,” Bhaibheri rakataura kudaro, zvose Mudzi neBukira raDhavhidhi. Ko Aigova Mwanakomana waKe sei zvino? Ko Aigova Ishe waKe sei? Bhaibheri rakati, “Kubva ipapo havana kuMubvunza chinhu.” Ndinofungidzira kuti chaiva chinhu chakanakawo, zvakare. Hongu, changamire. Zvakanaka.

¹⁴³ Kuzvarwa patsva kubva Kumusoro. Zvadarro tinenge tichishena-shena, tichishena-shena muzvinhu zvinobva Kumusoro, uye, nokuti Hupenyu hwaKe huri matiri, rinova iro Shoko raKe richisimbisa Shoko pachaRo. Mweya uri mauri iShoko rakaitwa nyama mauri. Mweya unocherechedza Shoko, uye unoshena-shena uchisimbisa Shoko.

¹⁴⁴ Zvino, Mweya hausi kushena-shena mune chero sangano zvaro. Haufariri kugadzira sangano, nekuti Mweya pachaWo unopesana nesangano. Sangano riri kutsvaga zvinhu zvenyika, pfungwa dzenyika, uye vanogadzira matemberi makuru nezvinhu zvakanenenzverwa, uye nemasangano makuru akakwenenzverwa, vaparidzi vakakwenenzverwa, nezvimwe zvakadaro, uye neboka repamusoro-soro muguta. Apo, Mweya uri kuedza kutsvaga mwoyo yakatendeseka apo Mweya une shungu dzokuratidza nokuonesa kuti Shoko rose raMwari nderechokwadi. Ungazviite sei, Mweya ungashanda sei musangano apo richiramba, richitora zvitendwa pachinzvimbo cheShoko? Harikwanise kuzviita. Saka, munoono, rakafa. Mwari havaendi kunzvimbo dzakadaro kuti vawane vaVo, bo—boka revarume vanoVashandira, nokuti vakatofa. Havasi vatendi mune Shoko, kana kuti havaizove imomo. Maona? Zvino, tiri kushanda muzvinhu zvinobva Kumusoro. Zvino, Mweya unocherechedza Shoko. Zvino, ndizvozvo, nokuti Mweya unopa Shoko Hupenyu. Maona? “Tsamba inouraya; Mweya unopa Hupenyu.”

145 Zvino, ndanga ndichiuya nhasi, ndakatarisa miti mikuru yakanaka kwazvo kunze uko kusango, zvikomo zvikuru, bhurauni, yero, iya inogara yakasvibira yakati mumwe apa mumwe apo mazviri. Ndati, “Unoziva kuti icho chii?” Ndikati, “Tichangobva kuva nerufu, zvino Mwari vakabuditsa tsumbu remaruva aVo, vachiaisira pamusoro pane zvikomo. Ndiwo maruva epamariro. Hupenyu hwadzokera muguruva. Mwari vachangobva kuviga mbeu dzaVo kubva mumaruva nezvimwe, ndokudziviga zvakare, zvino Vachangobva kutumbutsa maruva aVo. Vari kutarisa pamusoro penyika nekuti maruva epamariro. Asi kana zuva rabuda zvakare, mbeu iyoyo ichatora hupenyu zvakare.” Amen. Zvakanaka.

146 Mweya unofarira kusimbisa Shoko. Uye kana wakagamuchira tsika pachinzvimbo cheShoko... Zvino, unoti, “Zvakanaka, tinoRitenda rose, asi, Hama Branham, ndinoziva kuti hatitendi *iZvi*.” Zvino ipapo ndipo paunobva wamira.

147 Mufundisi wemasoja akandiudza imwe nguva kuti iye... kuti mumwe—mumwe keputeni akati, kana kuti ndinotenda kuti aiva meja, akati, “Mufundisi, endai uko, kuna keputeni ari kufa. Apfurwa nechigwagwa.”

148 Akaenda ikoko, zvino keputeni akanga achinetseka. Vakamudhonzero mutende reRed Cross, zvino akati, “Keputeni.”

149 Akatarisa mudenga nemumagwiriri emukuyerera kweropa, iye ndokuti, “Hongu, changamire.” Zvino akati, “Ndimi mufundisi.”

“Hongu.” Vakati, “Muri kufa, keputeni.”

Akati, “Ndinozviziva.”

Vakati, “Uri Mukristu here?”

Akati, “Ndaimbova.”

150 Vakati, “Ko wakaMusiyi kupi, keputeni?” Vakati, “UnoMuwana chaipo pawakaMusiyi.” Ndizvozo.

Keputeni ndokuti, “Handisi kugona kufunga.”

151 Mufundisi vakati, “Zviri nani, hamusisina kunze kweangaite mamweze maminiti mashoma, nemutambudzikiro wamuri kuita.” Muromo uchishama, ropa richibuda mumuromo make nemunzeve dzake, uye mabara echigwagwa acheka paari. Vakati, “Zviri nani mukurumidze, mapapu enyu ari kuzara.”

152 Zvino keputeni akatanga kufunga, akarara ipapo achitambudzika. Nyemwerero yakauya pachiso chake, akati, “Ndava kuziva zvino.”

Vakati, “WakaMusiyi kupi? Tangira ipapo chaipo.”

153 Akati, “Zvino ndinozviradzika pasi kuti ndirare.” Ndipo paAkamusiyi, ndipo paanoMuwanira.

¹⁵⁴ Kana sangano rako richidzidzisa chimwe chinhu chinopesana neShoko, watoMusiyi ipapo chaipo. Nyatsodzoka, nokuti iYe ari kushena-shena achisimbisa nekuita kuti Shoko iroro rive rechokwadi. Ndizvo zvakanga zviru Jesu, achigara nguva dzose achiita kuda kwaBaba. Maona? Zvakanaka.

¹⁵⁵ Saka, munoona, kunzwisisa kwaNikodhimo kwesangano hakuna zvakwaireva kuna Mwari. Zvino, zvisinei kuti aive munhu mukuru, sezvatinokudana, musangano, mudzidzisi mukuru muIsraeri, kudzidza kwake kwese uye nekunzwisisa kwaisareva izvozvo [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti] paakamira pamberi paKristu, akangotsiurwa bedzi. Zvino, ndinofungidzira vanhu vese vachiti, “Baba vatsvene, Nikodhimo. Baba vatsvene, Nikodhimo. Tinokugwadamirai, changamire.” Asi apo Jesu, akamira pamberi paMwari, Akamutsiura nokuda kwokusaziva kwake. Saka, munoona izvo zvese kwazvinoenda, kanganwa nezvazvo! Huyai, tiende kuna Mwari. Ndizvozvo. Zvakanaka.

¹⁵⁶ Kana kunzwisisa kukuru kwaKora hakuna zvakwaireva, kana kwaAdhamu, mumwe nemumwe achiramba Shoko raMwari rakasimbiswa. Zvino ngatinyatsoteereri zvino, tave kuzopinda mumvura dzakakwirira muchinguvana. Munoona, mumwe nemumwe wavo, chikonzero chakaita kuti vapinde mudambudziko, Nikodhimo, Kora, Nimirodhi, nevamwe vakadaro, imhaka yekuti havana kucherechedza mutumwa waMwari aiva neShoko rakasimbiswa rezuva iroro. Zvino, chero munhu anoziva izvozvo. Zvino, taigona kugara pazviri kwenguva refu. Asi Mwari vanofanotaura uye voreva kuti chimwe chinhu chichaitika, vanhu vanogadzira masangano, zvoita kuti munhu agarire ipapo chaipo. Vaitenda kuti kwaiva naMesiya aiuya. Oo, maJudha iwayo, oo, ini zvangu, chokwadi! Asi Jesu paakauya nenzira yaAkauya nayo, vakati, “Haangave ari iYe.” Vanotadza kunzwisisa Shoko. Zvino, Jesu haana kuuya achipesana neShoko (Akadaro here?), asi Akauya zvichipesana nedudziro yeShoko yesangano. Mosesi haana kuuya achipesana neShoko, akanyatsouya pamwe neShoko; asi Kora akatadza kuzviona. Uye zvichienda zvichidzika zvaive zvakadaro.

¹⁵⁷ Zvino tarirai. Mharidzo ino yezuva rino haingangova chimwe chinhu chiri kutaura kuti “tine Chokwadi uye tine *ichi, icho*,” inofanira kufanotaurwa muShoko raVo! Uye zvakare mushure mekunge Shoko raunzwa, rinofanira kunyatsosimbiswa neShoko.

¹⁵⁸ Jesu akanyatsosimbiswa naMwari, neShoko. Akati, “Kana dai maiziva Mosesi, mungadai makaziva nezvezuva raNgu.” Manje vaprofiti vakataura zvakana nezvaKe, handiti vaporofita vose vakataura zvaAiva. Asi zvakadaro zvakavapofomadza, havana kuzvinzwisisa. Maona? Asi Jesu aive... Uye handi...

159 Ndinoda kutaura izvi kuitira tepi, uye nemiwo, zvakare. Munoono, mutumwa ane Mharidzo yezuva!

160 Zvino, kana mukaenda, veSeventh-day Adventisti vanoti, “Tinayo, ingochengeta Sabata!” Ndiratidzei izvozvo muMagwaro. Mai Eddy Baker vakati vaive nayo. Ndiratidzei. Jehovah Witness vakati vakanga vainayo. Ndiratidzei. Maona? VeMethodisti vanoti vanayo. Ndiratidzei. VeBaptisti vanoti vanayo. Ndiratidzei. Ndiratidzei chero remasangano. Ndiri kuratidza kwamuri kuti vatori, mumwe nomumwe, kunze kwekuda kwaMwari. Rimwe nerimwe rawo richipesana, vachidzidzisa tsika dzevanhu pachinzvimbo cheShoko raMwari. Handina rimwe rawo randinoziva ringagamuchira zvinhu zvakanyatsonyorwa muBhaibheri nenzira yaRiri. Ndizvozvo. Asi mumwe munhu akauyapo oti, “Ndine Mharidzo yezuva,” anofanira kunyatsotanga aonekwa nemazvo uye onge akafanotaurwa kuti achauya.

161 Johane Mubhabhatidzi paakafamba achibuda kunze uko, vakati, “Ndiwe Kristu here?”

Akati, “Handisi.”

Vakati, “Ndi—ndi—ndiwe Eria here?”

Iye akati, “Handisi.”

Iye akati, “Ndimi aniko?”

162 Aikwanisa kuzvzivisa pachake, aive neMharidzo yenguva. Akati, “Ndini inzwi reunodanidzira murenje, sezvakataura muporofita Isaya. Zvino, kana kuzvarwa kwangu nehupenyu zvisingaenderani naizvozvo, musa—musandigamuchire.”

163 Pakauya Jesu, chaiva chinhu chimwe chetecho, chinhu chimwe chetecho. Mutumwa ane Mharidzo, anofanira kunge ari Shoko rakafanotaurwa naMwari. Uye zvararo Mwari, vachitaura kubudikidza nemutumwa uyu, vanosimbisa kuti iChokwadi. Muri kuzvinzwa here? Muri kuzvinzwisisa here? Zvinzwisisei! Zvinofanira kutanga zviru ZVANJI NAJEHOVHA, zvakafanotaurwa. Uye zvakare mutumwa ane Mharidzo, anofanira kuva chaizvo izvo zvakataurwa naMwari kuti zvaizoitika panguva iyoyo.

164 Ndizvo zvimwe chetezvo zvaive Mosesi. Ndicho chikonzero akawira nechiso chake pamberi paMwari, ndokuti, “Mwari, Makandituma.”

Vakati, “Zvipatsanure kubva muboka iroro.”

165 Munoono zvandinoreva? Chagara chiri chinhu chinovhiringidza pfungwa dzemunhu, chikavabvisa pakuda kwaMwari. Zvino rangarirai, zvakafanotaurwa neShoko raVo uye zvikanzvisimbiswa neShoko raVo. Zvino, Jesu akati, “Kana Ndikasaita mabasa ayo...aMwari, zvino musaNditenda. Munoono, kana ndikapotsa...Nhai, ndiani

wenyu angaN dipomera mhosva yechivi? Ndiani wenyu angaNdiratidza kuti haNditendi?”

¹⁶⁶ Nikodhimo akati, “Tinoziva kuti Muri. . . Rabhi, Munobva kuna Mwari, nokuti hapana munhu anokwanisa kuita zvinhu izvozvo kunze kwekunge Mwari vainaye.” Maona? Saka zvakaraidza kuti Aive mutendi.

¹⁶⁷ Zvino, isu vanoziva nhoroondo yechechi. Zvino chivai munofungisisa nezvazvo. Nguva haisati yapera, munoona, saka chingoteeresai zvino uye ndichaedza kungokurumidza sokukwanisa kwandinogona nako. Ndi—ndinoda. . . Teeresai kutepi. Zvino, chero ani hake akamboveenga nhoroondo yechechi, anoziva kuti kekutanga Chikristu pachakaitwa sangano, yaive chechi yeRoma Katorike. Zvino, kana paine dzimwe nguva kumashure kwacho, ndinoda kuti mumwe munhu auye nenhoroondo uye andiratidze. Ndiri shamwari yepamoyo yaPaul Boyd, vanzveri venhoroondo vakawanda vakuru. Mukamuri yangu yekuverengerera imomo ndine, *The Post Nicene Council, The Nicene Council, The Nicene Fathers*, zvinyorwa zvose zvinoyereswa zvechechi, zvandinoziva nezvazvo. Makore makumi matatu nematatu ndakazvinzvera, ndakazviingorora. Pakanga pasati pambova nesangano. Chechi yeKatorike ndiyo amai vemasangano. Tinoziva kuti ndicho chokwadi. Chechi haina kumbobvira yaita sangano, kuva nesangano, kusvikira chechi yeKatorike. Zvino shoko rokuti *katorike* rinoreva kuti “yepasi rose.” Uye vakaita chinamoto chechechi yehurumende, uye vakachiisa pamusoro pehumambo hwese hweRoma, uye yakanga ine potse chikamu cha—chakanakisa chepasi rose chayaive yakunda panguva iyoyo. Yakanga iri chechi yehurumende, uye avo vairamba kuiteerera vauraiwa. Kanzuru yeNicaea, mazuva gumi nemashanu ehondo yeropa, apo vaporofita vechokwadi vaMwari, pavakasimuka kumusoro ikoko pane idzo. . .

¹⁶⁸ Chechi yeKatorike, kuti sei yakatanga, handiti, tose tinozviziva, ndakazvidzidzisa pano. Kutu, chaizvo, Akwira naPrisira vaiva mufundisi, Akwira aiva mufundisi we—wechechi yeRoma. Mweya Mutsvene pawakaburukira paPentekosti, Wakawira pamusoro pemaJudha akabva kune ndudzi yega-yega iri pasi pezuva. Asi mazuva mashoma shure kwaizvozvo, Petro akava nechiratidzo ari pamusoro pemba, kuti aende kumusoro kuna Kornerio, muRoma, murume wakarurama, zvino akanyengetera Mweya Mutsvene ndokuwira pamusoro pake. Mushure mechinguva vanoremekedzwa vakatanga kuUgamuchira. Akwira naPrisira vakapinda mu—muRoma ndokuita sangano, kana kuti, havana kumboita sangano, asi vakagadza muhurongwa chechi yekutanga yeRoma. Uye, pavakadaro, vakanga vaine hama nehanzvadzi dzavo—dzavo.

¹⁶⁹ Zvino Kiraudhio, pakutonga kwake, akadzinga maJudha ose kubva muRoma. Zvino ndiyo nguva chaiyo iyo chechi yeRoma

Katorike yakati Petro aive muRoma. Ndiratidzei Gwaro rimwe chete apo Petro akambova muRoma, kana nhorooondo ipi zvayo inotaura kuti aiva. Akanga asiri, maererano neShoko raMwari, uye ndiZvo zvandinotenda. Zvaizoitika sei kuti Petro, muJudha, agokwanisa kutsungirira nekunamata zvifananidzo uye nezvinhu zvavanazvo, zvekunamata zvifananidzo nezvimwe? Apo...Maona? Ko aizopesana sei nedzidziso yake pachake pano? Hazvina maturo. Zvimwe chetezvo zviri chiProtestanti zvakare. Mirai, tichasvika kwazviri mushure mechinguva, mbaimbai, Ishe vachitendera. Cherechedzai. Cherechedzai zvino, tinoona kuti nguva chaiyo iyo chechi inotaura kuti Petro aive kuRoma, nhorooondo inotaura kuti Kiraudhio (uye Bhaibheri rakatiwo zvakare) akanga arayira maJudha ose kuti abude muRoma.

¹⁷⁰ Zvino Pauro akapfuura nomuEfeso ndokusvika kumhenderekedzo dzekumusoro ikoko, akawana vadzidzi ava, uye ikoko akambenge ari kumusoro ikoko achishanyira Akwira naPrisira. Mushure mokuenda kwavo, zvino hama dzemuRoma dzaive muhechi iyi dzakatanga kuzvigadzira pfungwa dzavo, uye vakawedzera kunamata zvifananidzo. Uye zvakare muna Constantine, izvo amai vake vaiva Mukristu chaiye uye vachitarisira kuti mwanakomana wavo aizove, asi akanga ari wezvematomongerwo enyika. Uye akaona kuti vazhinji muRoma, kana kuti chikamu chikuru chayo, cheboka revarombo, vakanga vatogamuchira ruponeso kuburikidza naKristu. Zvino vakabva vatanga kuva nemukurumbira kwazvo, nekuti vaibvisa Venus uye vachiisa Maria, nekubvisa Jupiter vachiisa Petro, nezvimwe zvakadaro zvakaita saizvozvo ne—nevadzidzi, zvino chakanga chiri chinamoto chakakurumbira zvikuru. Zvino vakanga vari mhare. Ivo, iwo Makristu aitozofa!

¹⁷¹ Zvino chechi yeKatorike yakati, “Ndisu taive mavambo.” Ndicho chokwadi chaicho, chechi yeKatorike yakatanga paZuva rePentekosti. Asi hezvinoi zvakaibuditsa: yakaita sangano ndokupfekedzera (kubva muShoko) dzidziso. Uye dzidziso yazvino uno, imi vanhu vanopfuura makore gumi okuberekwa munogona kurangarira dzidziso yazvino uno: kukwira kudenga kwaMaria, anenge makore gumi akapfuura. Imwe dzidziso yakawedzerwa kuchechi. Pachinzvimbo cheGwaro, idzidziso! Uye vanokupa kuti unzwisise izvozvi, ivo “havana basa nezvinotaurwa neMagwaro, ndeizvo zvinotaurwa nechechi.”

Ivo, muprisita uya akandiudza, akati, “Mwari vari muhechi yaVo.”

Ndikati, “Mwari vari muShoko raVo.”

¹⁷² Akati, “Zvino, Bhaibheri iroro ringori nhorooondo yechechi yekutanga yeKatorike.”

¹⁷³ Ndikati, “Saka ini ndiri muKatorike wepakutanga.” Ndikati, “Zvinondiita muKatorike kupfuura iwe, uri muprisita.”

Maona? Ndakati, “Kana zviri izvo, saka ndizvo zvandiri.” Ndakati, “Munoona, ndinotenda chaizvo zvakadzidziswa nevaapostora. Munotenda izvo zvakapfekedzerwa nevanhu mazviri.” Uye ndiyo nzira chaiyo yazvakaita. Chokwadi, zvaiva. Zvakaita saizvozvo, nenzira iyoyo chaiyo.

¹⁷⁴ Zvino cherechedzai, nhorooondo, zvino vanotanga kuwedzera dzidziso, dzidziso, zvino Pauro paakauyako, tinoziva, maererano nenhorooondo, kuti haana kana kushanyira chechi iyoyo yekutanga, nokuti akanga akavenga kunamata zvipfananidzo. Zvino akashanyira chechi yechipiri yavakanga vatanga, chechi yechipiri yeRoma.

¹⁷⁵ Zvino pakauya Kanzuru yeNicaea, apo Constantine akaona pfungwa yekubatanidza humambo hwake. Zvimwe chetezvo zvakaitwa naAhabhu pana Jezebheri, achiroora zasi ikoko. Maona? Uye paakaona mukana wokubatanidza vanhu vake uye nokuita rudzi rukuru rune simba kubva marwuri, akafunga kuti vaizatora chinamoto chavo, saka akavagadzirira chinamoto chechechi yehurumende. Zvino pava kava neKanzuru yeNicaea iyoyo, uye mibvunzo iyi payakauya yokuti kwaiva naMwari mumwe chete here, kana vatatu; kuti vaizofanira here kubhabhatidza muZita raJesu Kristu, kana Baba, Mwanakomana neMweya Mutsvene; mimwe mibvunzo yese iyi yakaunzwa ku—kumangange imomo. Uye, pazvakadaro, vamwe vevaporofita ivavo vakare vakauya vachibva kunze ikoko vasina chinhu kunze kwematehwe emakwai avakazvimonedza nawo, uye vachidya miriwo. Ndizvozvo! Asi varemekedzwa vakuru ivavo vakanga vatoshanda nzira yavo vave muchechi, vakavanyararidza nehuchenjeri hwenyika. Asi vaive neZVANZI NAJEHOVHA. Yakapinda murima rechihedheni kwechinenge chiuru chemakore.

¹⁷⁶ Asi yakatanga patsvazve, kuti ibukire. Ndizvozvo. Haukwanise kuIuraya. “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, makore ose akadyiwa nezvinhu izvi.”

¹⁷⁷ Masangano aya akawedzera dzidziso. Uye kuita izvi, kuwedzera dzidziso, nzira yoga iyo chero chechi, nzira yoga iyo chero sangano zvaro yarinogona kubva paShoko raMwari, ndiko kuwedzera dzidziso pachinzvimbo cheMagwaro matsvene, ndiko kuedza kuita tsika yenyu kana dzidziso yechechi yenyu, kunyangwe zvichipesana neMagwaro. Zvino mungapomera sei chechi yeKatorike, imi muri kuita zvimwe chetezvo zvakaita? Muri kunzwisisa here? Zvakanaka. Apo, zvino chimbofungai, Magwaro haakundikane! Dzidziso inhema, pakutanga kwacho. Uye pamunogamuchira sangano, matova nedzidziso kare, nokuti chimwe chinhu chakawedzerwa. Hazvimo muMagwaro. Hazvimo muMagwaro.

¹⁷⁸ Hakuna chinhu chakadaro sesangano. Jesu haana kumboti, “Ndinokutumai kuti muende munyika yose, mogadzira sangano.” Kwete, changamire, hakuna chinhu

chakadaro! Kuita izvi, kuramba Magwaro anoyera. Izvi pazvakaitwa, yakashandurwa ichibva pakuti “Chechi kubudikidza nekuzvarwa” ichiva “chechi kubudikidza nedzidziso nechitendwa.” Kwete *chechi*, regai ndikumbire ruregerero; kirabhu! Unozvarirwa muChechi, but unojoinha kirabhu. Haizi chechi yeBaptisti, chechi yeMethodisti, chechi yePentekosti. Ikirabhu yeBaptisti, kirabhu yePentekosti, nekirabhu yeMethodisti, unoajoinha. Haugone kujoinha Chechi. Hakuna chinhu chakadaro. Unozvarirwa maIri. Nikodhimo akaudzwa izvozvo. Saka munoona pamuri? Oo, ini zvangu!

¹⁷⁹ Ndosaka ndichipesana nazvo. Kwete kupesana nevanhu vari mazviri; hurongwa ndihwo hwandinopesana nahwo. Nekuti havagone... Mumwe wevakuru ivavo kana chimwewo chinhu, imwe yemachechi iwayo inoparidza chimwe chinhu chiri muBhaibheri chinopesana nedzidziso iyoyo, bumbiro remaitiro iroro ravainaro muChechi iyoyo, anodzingwa saizvozvo. Hongu, changamire. Vamwe vavo vakashata kwazvo zvekuti havatombobvumiri kuti rumutsiriro rwuuye kune imwe chechi kunze kwekunge ari mumwe wevarume vavo pachavo. Nhai, vatori kwazvo...

¹⁸⁰ Mumwe munhu imwe nguva akanga ari kuzopa muparidzi... Munho chaimo munyika muno, muparidzi mudiki wekare aive akamira zasi kuno mumugwagwa, achidanidzira uye achigombedzera kuti vatendeuke, uye achiti, “Huyai, mugamuchire Kristu, muzadzwe neMweya Mutsvene,” nezvinhu zvakadaro. Zvino mumwe munhu anobva musangano rePentekosti akauya ndokupa murume uyu dhora mumaoko ake, uye ndokutozoenda kunotendeuka nokuti akanga aita hupombwe zvichipesana nechechi yake. Taura nezveKatorike! Ndizvozvo. Uye munoziva kwandiri kutaura nezvako, zvakare; kana chechi ino inoziva, zvisinei. Zvakanaka.

¹⁸¹ Itai izvi, kuramba Magwaro, kana izvi zvaitwa, zvinoshandurwa zvino paunowedzera dzidziso uye wojoinha sangano, wabva watogamuchira dzidziso yako yekutanga, nokuti hazvisi muMagwaro, saka ndechimwe chinhu chakawedzera. Uye dzidziso chimwe chinhu chakawedzera, “chinitora nzvimbo ye,” chiri kutora nzvimbo yekuzvarwa. Kana wagamuchira sangano, wawedzera dzidziso. Zvakanaka. Kana izvi zvaitwa, ipapo inobva yashandurwa kubva pakuve “Chechi kubudikidza nekuzvarwa” kuve “kirabhu kubudikidza nedzidziso kana chitendwa.” Nokuti, munoona, idzidziso pachayo, isiri maererano neMagwaro.

¹⁸² Zvino, Jesu haana kumboti, “Endai munyika yose uye muite masangano, endai munorongwa vanhu pamwe chete.” Akati, “Endai munoita vadzidzi.” Munozvitenda here? [Ungano inoti “Ameni.”—Mupepeti] Ameni. Saka, munoona, mabuda zvachose.

¹⁸³ Teerera, tarisai pano. Ngatiivharei pane chimwe chinhu pano, kurovedzera chimwe chinhu zvakasimba panguva ino. Vangani vane duramanzwi rechiGiriki, *The Emphatic Diaglott* kubva muchinyorwa chekare, chiGiriki? Zvakanaka. Zviverenge, tora chero mudzidzi waunoda. Pinda muraibhurari utore duramazwi, duramazwi rechiGiriki. Verenga Zvakazarurwa 17, uye paunoverenga ipapo, King James Version pano inoti, uye izvi, “Wakanditakura muMweya; ndikaona mukadzi agere pamusoro pechikara chakapfeka zvitsvuku, chakazara ne—nemazita okumhura.” Zvino, ndizvo zvakataurwa neKing James. Asi dudziro yepakutanga yakati:

. . . akanditakura *mumweya* . . . *ndikaona mukadzi* . . .
azere *namazita anomhura*, . . .

¹⁸⁴ Pane mutsauko mukuru pakati pe “mazita ekumhura” ne “mazita anomhura.” Zvino tarisai. Tese tinonzwisisa uye tinoziva kuti yaive chechi yeRoma yakagara pazvikomo zvinomwe, ichtonga masimba epasi rose. Zvino yainzi “mhombwe,” uye yaive “amai vezvipfeve.” Chii? Chipfeve chii? Angave murume here? Anofanira kuva ari mukadzi. Saka kana ari mukadzi, inofanira kunge iri chechi; akanga ari amai vezvipfeve, zvimwe chete sezvaaiva. Uye tarisai, tarirai, “Maari!” Ngazvisinine. “Maari maiva nemazita anomhura.” Chii ichocho? Zvino, vashumiri vari pano uye nepatepi, ngatinyare. Mazita anomhura iwayo ndeapi? Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, Lutherani, maPentekosti, nemamwe akadaro. Mazita anomhura, nekuti masangano, hupombwe kuna Mwari, sezvaaingova.

¹⁸⁵ Uye ivo, mumapoka iwayo, vanhu vanoti, “Handiti, muMethodisti, uye anoita *zvakati*. MuPentekosti, uye anoita *zvakati*. Iye muPresbyteriani, uye anoita *zvakati*.” Vanoita zvese zviri pakarenda, munozviziva izvozvo. Uye ambori chii? Mazita anofanira kunge akafanana naKristu uye achidaidzwa nezita reMukristu, asi iwo mazita anomhura! Haasi machechi. Vanodanwa zvenhema kuti “chechi.” Iwo makirabhu! Zvino munoona kuti sei ndichipesana nesangano? Kwete vanhu, hurongwa hwesangano, munoona, zita, mazita anomhura (tarisai) emakirabhu, anodaidzwa zvenhema kuti machechi. Chechi yeMethodisti, chechi yeBaptisti, chechi yePresbyteriani, chechi yePentekosti, chechi yeLutherani, chechi yeUnited Brethren, hakuna chinhu chakadaro. Izvozvo hazvisi muMagwaro.

¹⁸⁶ Pane Chechi imwe chete, uye haukwanise kuIjoinha. Unozvarirwa maIri. Wakatemerwa kwaIri. Mutumbi wekufungidzira waJesu Kristu. . . Mutumbi wakavanzika, waro, waJesu Kristu pano panyika, une Shoko richiratidzwa. Vanakomana nevanasikana vaMwari, havasi nhengo yechero rimwe rawo. “Budai kubva pakati pavo,” Vakadaro. Hongu.

¹⁸⁷ Tarisai, nekukurumidza zvino. Handidi kukunetesai, asi mukangondipa mamwe maminiti mashoma zvino, ndichaenda nekukurumidza kwandinogona, asi ndinoda kuti muve nechokwadi chekuzvibata, kuitira kuti murege kuzvipotsa. Maona?

¹⁸⁸ Rangarirai, amai Roma, vakawanikwa mavari, makazara mazita anomhura, amai vezvipfeve. Zvino, kana vari zvipfeve, chipfeve chii? Mhombwe chii? Zvimwe chete nechipfeve. Mukadzi anorarama zvisina kutendeka kumhiko yake yemuchato. Uye chero chechi ipi zvayo inozviti iChechi yaKristu, uye yoramba Shoko raMwari, haina kutendeka kumhiko yayo yemuchato! Zvino inoita hupombwe nekuwedzera dzidziso, hupfeve nyenika nehuchenjeri hwayo, pachinzvimbo chekugamuchira Kristu nesimba rerumuko rwaKe kubudikidza neMweya Mutsvene. Zvino ndiamai vezvipfeve izvo zvakaitawo zvimwe chetezvo. Hadyana haingati kune tsambakodzi une “tsito,” munoziva; munooona, zvitanzhatu kune mumwe, nehafu yedhazeni kune mumwe. Vamwe vevanhu ava vanoenda vachingoita dambe neKatorike, uye vari nhengo yechimwe chechinhu chimwe chetecho pachavo. Vaive amai verubhabhatidzo rwenhema rwemumvura. Ndiamai vehumbowo hwenhema hweMweya Mutsvene, uye munotevera pamwe chete navo. Zvino ngationei.

¹⁸⁹ “Ichokwadi here, Hama Branham?” Nyarara kwechinguvana.

¹⁹⁰ Munooona, ndivo amai vemazita anomhura, emakirabhu akajoinwa nevanhu, uye vachiunza kushorwa, vachirarama nenzira chero ipi zvayo, vachipfeka zvikabudura, vakadzi vane vhudzi rakagerwa, vakapendwa, vanoimba mumakwaya, vachiputa midzanga, vachitora chirairo, mhando dzose dzetsvina yenyika, uye chigumbuso kune asingatendi. Timotio haana kutaura nezvazvo here, Mweya Mutsvene? Tarirai. Munooona, iyo, Roma, ndiyo amai vemumwe nomumwe wavo. Maona? Makaita chaizvo musangano renyu zvimwe chete zwayakangoita, kupfekedzera dzidziso pachinzvimbo cheShoko, nokuti boka revarume rakazvigadzira pamwe chete, vakuru vedunhu nemabhisopii nevamwe vakadaro uye vakati zvaifanira kuva nenzira *iyi*, uye ndizvo chaizvo zvakaitika kuRoma. Uye unoedza, hama yangu mufundisi, kugamuchira Shoko raMwari rakazara, uye, tarisa kwaunoenda, kunze kwemusuwu chaiko! Zvino tichaona kana vari Mwari vakakuudza kuti udaro, kana kuti kwete, mumaminiti mashoma. Maona? Zvakanaka.

¹⁹¹ Munooona, ndiyo amai vavo wese, nekuti ndiyo yakatanga kubvisa zvinyorwa zveGwaro uye ndokuwedzera dzidziso, nokuti yakaramba vaporofita vakazodzwa vaiva nohupenyu hwakasimbiswa, neShoko. Nekuda kwehungwaru hwavo, varume vakangwara, Madzimambo eRoma, nevamwe vakadaro,

vakange vagamuchira Chikristu, asi vachida . . .kuzvigamuchira nenzira yavo pachavo. Maona? Ndizvozvo. Vanozviva nenzira yavo pachavo.

¹⁹² Naamani aida kubvisa maperembudzi ake mumvura yemunyika yake iye, haana kufarira mvura ine madhaka yemujorodhani. Asi kana ari aizobviswa maperembudzi ake, aitofanira kufamba achiendamo mumadhaka iwayo chaizvoizvo sezvaakaudzwa nemuporofita. Munoono, Mwari havaite zvekuremekedza munhu.

¹⁹³ Cherechedzai, yaive sangano rekutanga. Tarirai vanasikana vayo, vakanga vaita zvimwe chetezvo, vakawedzera zvitendwa nedzidziso pachinzvimbo cheShoko. Usandiudza; ndiratidze rimwe risina kubva paRiri. Ndiratidzei mufundisi mumwe achagamuchira Chokwadi, wekuti havakudzinge nokuda kwazvo, kunze kwekunge wakakurumbira kwazvo zvekuti, munoziva, vanotofanira kubatirira pauri nokuda kwemukurumbira wako kana chimwe chinhu. Zvakana.

¹⁹⁴ Zvino tarisai Zvakazarurwa 18, kwemaminitsi mashoma chete, ndima inotevera, chitsauko chinotevera, shure kwaZvakazarurwa 17 yaongorora uye—uye yaratidza chakavanzika chaMuzvare Bhabhironi uyu. Chitsauko chechi 17 chaZvakazarurwa chinotsanangura kuti ichечи inogara pazvikomo zvinomwe, Guta reVatican, inotonga madzimambo ose epanyika (ndizvo chaizvo zvazviri), neVatungamiriri venyika zvakare, nevamwe vakadaro. Uh-huh. Saka, asi iripo, akabata hupfumi hwenyika yake muruoko rwake. Ndizvo chaizvo. “Ndianiko anogona kuita hondo naye?” Ndizvozvo. Tose tinoviziva izvozvo. Asi sei waizova nhengo yechinhu chakabatana naye? Zvino cherechedzai muchitsauko 18, chitsauko chacho chinotevera mushure mokunge chakavanzika chake chatsanangurwa. “Anogara mutemberi yaMwari.” Zvino, pano, rimwe zuva . . .

¹⁹⁵ Zella Braitman, uri pano manheru ano here, Zella? Akaunza, zviri mukamuri umo zvino, *Our Sunday Visitor*, bepa reKatorike. Zvino bepa reKatorike rakanga richipindura mushumiri. Rikati, “Mati here, mufundisi, kuti izvo . . .Mumanhamba echiRoma pamusoro peVatican, kana kuti pamusoro pechigarro chaPapa, kwakanyorwa kuti, ‘Vicarivs Filii Dei,’ izvo zvinoreva, kuti izvo,” mudunhu rechiKatorike imomo, “kuti ndiyo nha—nhamba yechikara chaZvakazarurwa?”

¹⁹⁶ “Handiti,” akati, “zvirokwazvo, ndiyo. Ndiyo chaiyo, inodudza mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu. Ndiyo chaiyo.” Uye dunhu reRoma rinozvibvuma, kuti inodaro. Asi heino mhinduro yavo, yakangwara, izere nehuchenjeri, akati, “Asi, unoziva, zita rako mune mumwe mutauro rinogona kuperetera chinhu chimwe chete.”

¹⁹⁷ Murume uyu akati, “Rangu, potse zvimwe chete mune mumwe mutauro.” Akariperetera. Akati, “Munoona, ndiri pedyo kusvika mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu, zvakare.” Akati, “Kwakave nemazana avo.” Akati, “Nguva yese panosimuka chero chinhu chipi zvacho, mumwe munhu ane mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu.” Uye akati, “Mufundisi, munoziva here kuti mune mumwe mumutauro zita renyu pachenyu rinogona kureva kuti antikristu?” Akati, “Munotarisiwei zvinhu zvakadaro?” Tarisai huchenjeri.

¹⁹⁸ Asi Mweya Mutsvene unoziva zviri nani. Tarisai. Zvingadaro, zita rangu rinogona kureva kuti mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu, asi handisi kuzadzisa zvimwe zvikwaniso zvese. Handigari pamusoro pechikomo. Handitauri zvinhu *izvi*. Ini handisi gavhuna, munoona. Ndizvozvo. Ndiye wacho waVari kutaura nezvake. Saka huchenjeri hwenyu hwenyika hunosvika pakupera, changamire, ndizvozvo, muHupo hweMweya Mutsvene. Handizadzisi zvimwe zvacho zvese, asi anodaro. “Anogara mutemberi yaMwari, ichizviratidza kuti ndiye Mwari, uye anogara pamusoro pezvikomo zvinomwe.” Handigari pamusoro pazvikomo zvinomwe, kana zvichireva kuti mazana matanhatu nemakumi matanhatu nenhanhatu. Handizadzisi zvimwe zvacho zvese, asi anodaro. Munoona, hezvoka izvo. Maona? Saka chingovimba neMweya Mutsvene, “Usafunganya zvauchataura, nokuti hausi iwe unotaura; ndiBaba.”

¹⁹⁹ Saka ko huchenjeri hwako uye neKuberekwa patsva kwako kunobva Kumusoro zvingamboenzaniswa here nezvinhu izvi zviri pano panyika, idzi—idzi n’anga dzine simba dziri mazviri? Handiti, dzinoziva kachitsotsi kadiki kese uye nekona. Ko Moses aigona sei kumira iye atevera Mirairo yaMwari, kukandira tsvimbo yake pasi uye ikashanduka kuita nyoka, uye hepano n’anga ndokuuyapo dzichiita zvimwe chetezvo? Asi Mosesi akaramba akamira, achiziva kuti akanga atevera Shoko raMwari, zvino nyoka yake yakadya dzimwe dzose hadzo. Maona? Saka kana wateerera uye wawana... Aizoitei paakavatungamirira kunyika yechipikirwa, uye ipo paine Gungwa Dzvuku richivaisa pakamanikana, asi nzira yaMwari yakapfuura nemariri chaimo. Amen. Akati, “Rambai mumire, muone Kubwinya kwaMwari!”

²⁰⁰ Kana zviri munzira yebasa, yekutevera Shoko, mira ipapo urione richivhurika. Amen. Ndine makore makumi mashanu nematatu okuberekwa, ndange ndichiVashumira kweanenge makore makumi matatu nematatu, ndinoshuva kuti dai ndanga ndine makore mamiriyoni gumi ekuVashumira. Handisati ndamboVaona vachikundikana nazvino, kana Shoko raVo richinge rachengetwa. Ndizvozvo.

201 Zvino tarisai, pakarepo mushure mechivi chayo, zvakavanzika zvayo zvakaonekwa. Takava nazvo kare-kare, tinozviziva.

202 Zvino chitsauko chinotevera, tarisai Zvakazarurwa 18. Regai ndingovhura kwairi kwechinguvana. Chingave chinhu chakanaka, zvichangotitorera mamwezve maminitisi mashoma bedzi, uye zvinogona kureva chimwe chinhu chidiki kwauri. Ndinovimba zvinodaro.

203 Zvino tinoona pano, muchitsauko 17, ndima 5:

...pahuma yake pakanga pakanyorwa zita,
BHABHIRONI RAKAVANZIKA, GURU, MAI
VEZVIPFEVE, CHINYANGADZO CHENYIKA.

Zvino tarisai.

Zvino ndakaona mukadzi (chechi) yakadhakwa neropa ravatsvene, uye neropa revakafira chitendero vaJesus:..ndichimuona, ndakashamiswa nokushamiswa kukuru.

204 Munoono, kumuona, akanga ari chinhu chine runako zvikuru. Uye aive mai vezvipfeve, chinamoto chezvipfeve, masangano, chaizvo zvaakaita, munoono, nokuti vakapfekedzera dzidziso sezvaakangoita. Zvino tarisai, tarisai pana Zvakazarurwa zvino, ndicho chitsauko 17, chinoguma nendima 18. Zvino tarisai.

...shure kwezvinhu izvi (mushure mekunge chakavanzika chake chazivikanwa), shure kwezvinhu izvi ndakaona mumwe mutumwa achiburuka kudenga, aine simba guru;...

205 Zvino, heunoi mumwe mutumwa achiuya pasi, chitsauko chinotevera, chakavanzika chake chakazivikanwa. Zvino, uku ndiko kuwanikwa kwechakavanzika chake uye nechakavanzika chevana vake. Munoono, tinonzwisisa zvino chaizvo zvakamuita chipfeve: nokuti akaita hupombwe zvichipesana neShoko raMwari. Uye ndizvo zvakaaita kuti ave sangano. Haaigona kuramba ari chechi inotenda Bhaibheri zvino ozogamuchira izvozvo. Uye zvakarewo nesangano risingatore Shoko rose raRo (manyorerwo aRakaitwa) haringambovi chechi yeBhaibheri. Uye hapana kana rimwe rawo rakadaro, randinoziva chero chinhu zvacho nezvaro, kana rimwe chete. Saka ipapo, munoono, painongoita sangano, chinhu chainoita, (zvose neGwaro uye nehumbowo) inofira ipapo, inogamuchira dzidziso. Zvino tarisai, zvino ndizvo zvakaaitika.

206 Mwari vakatumira, muchitsauko 18 chino, ngirozi ine simba, mushure mokunge chakavanzika ichocho chazozivikanwa, mutumwa ane simba, kana kuti, nhume. Tarisai pano.

...shure kwezinhu izvi ndakaona mumwe mutumwa achiburuka kudenga, aine simba guru; nyika ikavhenekerwa nokubwinya kwake.

Zvino akadanzira...nezwi guru,...Bhabhironi (nyonganyonga) guru riri kuwa,...uye rava nzvimbo munogara mweya yakaipa,...nhare yemweya yose yetsvina, nekeji yedzese dzakachena neruvengo...shiri dzisina kuchena uye dzinovenga.

Uye marudzi ose akanwa waini yokutsamwa kwoupombwe hwaro, namadzimambo enyika... akaita upombwe naro, navatengesi venyika vapfuma kubudikidza nehuwandu hwokuzvirasha kwaro.

²⁰⁷ Tarirai, pakarepo mushure mekunge chakavanzika chake chazivikanwa, kuti aive ani, zvaaive, kuti vanasikana vake vaive vanaani, chakavanzika chaziviswa, zvadaro Mwari vakatumira mutumwa, nhume (kuitei?) adanire kunze, “Budai kunze!” Mharidzo yenguva!

...Budai mariri, vanhu vangu, kuti murege kuwadzana naro pamatambudziko aro...

Ari kuzomotuka. Tarisai.

²⁰⁸ Budai kubva maari! Mwari vakatuma ngirozi ine simba, kana kuti, nhume. Uye Chiedza chake chakanga chisiri mukona, Chakapararira panyika. Budai kubva maari! Chii? Iye, nevanin’ina vake, zvakare. Kuvhenekera nyika, nekudana vanhu vaVo kubva maari. Zvino, munoziva kuti ndicho Chokwadi. Nhume yakatumwa kubva Kudenga, kuzodana vanhu vaMwari kubva muBhabhironi. Uye Chiedza chake chakavhenekera nyika, Mweya Mutsvene mukuru.

²⁰⁹ Cherechedzai, Bhaibheri rakati, “Iye ikeji, uye akabata shiri dzinovenga, dzisina kuchena.” Kwete zvapungu, zvino, kwete, kwete, kwete, kwete. Magora, “shiri dzisina kuchena, dzinovenga,” ndidzo dziri mukeji pamwe naye dzakamupoterredza. Iye ikeji izere nadzo, keji yose yakazara. Nei? “Mazita anomhura,” anopesana neMagwaro. Timotio weChipiri 3 yakati, Mweya Mutsvene uchitaura, “Mumazuva okupedzisira vachabva paKutenda uye vachateerera kumweya inonyengera.” Yakatiwo zvakare, Mweya Mutsvene wakataura: “Kuti mumazuva ekupedzisira vachange vakaoma musoro, vanokarira zvepamusoro.” Vazere neruvengo: “Mwari ngavakudzwe, imi muri vokwedu, kana kuti hamuna zita renyu mubhuku redu, makarasika.” Hmm. Vazere neruvengo! Vasina kuchena! Hmm. Ndinovimba handisi kurwadzisa, ndinovimba ndiri kuita zvakanaka. Shiri dzinovenga, dzisina kuchena, akadziisa mukeji.

²¹⁰ Rangarirai, Mwari iChapugu. VakaZvidaidza kuti Chapungu. Uye Vakadaidza Jakobho kuti chapungu. Uye isu tiri manyana aVo ezvapungu. Amen. Vakadaidza vaporofita vaVo

kuti “zvapungu.” Zvino mutumwa uyu akadzika kuzofumura nokudanira kunze!

²¹¹ Semharidzo yangu diki ye*Chapungu Chichizunguza Dendere Racho*. Chapungu chidiki chiye chakare chakanga chichitevera huku iya yekare muchirugwi nguva dzose, ichikukudza kwese-kwese, asi chakanga chisingakwanisi kudya zvinhu izvozvo zvayakanga inazvo, zvehushamwari, nevakadzi vakapendwa zviso, vhudzi rakagerwa, nezvikabudura. Chakange chisingakwanise kuzviita. Asi hapana chimwe chachaiziva kunze kwekukukudza kwehuku yakare iya. Asi rimwe zuva amai chapungu vakachiwana. Vakadanidzira, vachichidaidza, vakati, “Mwanakomana, iwe hausu mumwe wavo. Buda kubva mavari!”

Chikati, “Ami, ndoita sei?”

²¹² Vakati, “Fambisa mapapiro ako wotanga.” Kusvetuka kwekutanga, chakamhara padanda, raive pakati pesangano chaipo. Vakati, “Mwanakomana, uchatofanira kuuya kumusoro kupfuura ipapo kana kuti handikwanise kukubata. Unofanira kubvisa tsoka dzako pasi.” Vari kuzochitora kuti vabhururuke. Chakazoonza kuti chaigona kubhururuka. Vakauya kuzochidaidza kuti chibude. Ndizvozvo.

²¹³ Asi Ami Bhabhironi ava vakanga vazvibatira boka rehuku, nhiiyo dzinovaimira, dzakapendwa, vhudzi rakagerwa, dzinozvidaidza kuti “Makristu.” Vane keji yakazara nadzo. Imi vaparidzi vanomira papurupiti muchirega madzimai iwayo achingoita zvakadaro, munonyadzisa, kuwedzera kusangano renyu. Mwari vachaita kuti muzvipindurire. Budai kubva mazviri! “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Keji yevazere neruvengo, vane misoro yakaomarara, vanokarira zvepamusoro, vanoda mafaro kupfuura kuda kwavanoita Mwari, vangasva hane vafanana nenyika pane kuva saKristu. Ukaona mukadzi ane pendi yekumeso yakawanda, zvinoratidza kuti haana chinhu mukati. Ndewenhema mukati. Ndizvozvo chaizvo. Kana mukadzi...Ndakaona mumwe rimwe zuva, aine bvudzi regirinhi, ndizvozvo, aine zvinhu zvose zviya zvegirinhi mumaziso avo.

²¹⁴ Zvino, kana iwe—kana—kana wanga usina bvudzi, uye—uye uchida kupfeka bvudzi, zvingava zvakana, asi, pfeka rinotaridzika seremunhu. Uye kana wanga usitomborina nzara, uye—uye wanga uchida kuwana nzara, usatora idzo dzakaita semakoko ebhinzi chena, wana—wana nzara chaidzo. Kana usina chero zvimwe zvezvinhu izvi, zvakana. Kana usina mazino, zviwanire mamwe kana vakakugadzirira mamwe, atore. Asi usadzure mazino ako awakapihwa naMwari nekuti akakombama zvisoma, uye ari mazino akanaka, kuti uwane mamwe. Usadhaye bvudzi rako, kana chimwe chinhu, uye wotaridzika sechinhu chabuda kubva mune mamwe matope pane imwe nzvimbo. Usadaro...Kana usina ruvara, uye iwe

uchida kuzviita sekunge une ruvara, zvakanaka, ndinodaira kudaro. Asi usazviita kuti utaridzike saJezebheri, sedanga pane imwe nzvimbo riri kupendwa.

²¹⁵ Uye imi hama dzePentekosti, muchirega madzimai aya achigera vhudzi ravo, iro Bhaibheri rakati ndiko kubwinya kwake! Uye hachisi chinhu chakafanira kuti anamate nebvudzi rake rakaita saizvozvo. Asi zvakadaro momurega achiuya papurupiti oparidza Evhangeri, oimba mukwaya, odzidzisa Sunday school. Munonyadzisa! Unofanira kuzvinyarira pachako. Sei ndichipesana nesangano? Unofunga kuti ndingambofa ndakashandira chinhu chakadaro? Ndinoziva chikonzero chaunozviitira, hama. Unoziva zviri nani, asi kana uri wadzidzisa zvinopesana nazvo, unokwidzwa kuhofisi huru, zvino vachakudzinga. Mwari ngavakudzwe nekushinga kwako kana ukazviita. Ndizvozvo. Mwari vachakuremekedza.

²¹⁶ Mutumwa uyu akati chii? “Budai kubva maari!” Hongu, changamire. Mutumwa uyu akauya panyika, uye akauya kuzounza Chiedza, uye akavhenekera Chiedza pasi rose. Akanga ari mutumwa ane simba. Zvino akauya kuzozivisa Mharidzo yekuti “Budai kubva muBhabhironi! Regai kubata zvinhu zvaro zvine tsvina!”

²¹⁷ Rine keji yese izere nadzo. Akati, “Ndiro keji yeshiri dzose dzizere neruvengo.” Hongu, rine keji izere nadzo zvino, Mubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose, kana kuti makirabhu. Rave neboka rese rakavharirwa mukeji zvino, vese vari kuuya pamwe chete. Rava keji, zvakanaka, izere neshiri dzizere neruvengo. Ndizvozvo. Edza kutaura neimwe yadzo imwe nguva, ingozviedza, vakomana, vakachenjera muhuchenjeri hwenyika, asi vasina chavanoziva pamusoro paMwari sezvakaita tsuro isina chainoziva pamusoro peshangu dzechando. Ndizvozvo chaizvo. Kungoti, ndizvo chete, munoona, chavanongoziva chete humwe huchenjeri hwavanogona kuisa *izvi* uye voita *izvo* imomo. Asi kana zvasvika pakuVaziva? Huh! Hongu, vakabatwa mukeji make nedzidziso dzake. Machechi echiprotestanti akatanga zvimwe chetezvo, vakava vanasikana vake, zvakanonzerwa nekuramba Shoko raMwari. Izvozvo ndizvo zvaanoita. Anoramba Shoko. Uye paunogamuchira chimwe chinhu pachinzvimbo cheShoko, unoRiramba iwe pachako. Uye paunobatana mune rimwe rawo, warambawo zvakare Shoko. Mwari havakudi nenzira iyoyo, hapana nzvimbo yazvo iri yeGwaro.

²¹⁸ Cherechedzai, uyu mutumwa weChiedza, rangarirai, mutumwa wekupedzisira, mutumwa muzera rechechi kuRaodhikia. Mutumwa weRaodhikia, uyo, wekupedzisira, nokuti chitsauko chaicho chinotevera ndicho chitsauko 19, chinova Mwenga ari kuuya. Uye uyu ndiye, muMagwaro, mutumwa wekupedzisira akauya kuzounza Chiedza Mwenga asati auya kuzosangana naKristu. Raiva Zera reChechi

yeRaodhikia, ipapo. Chii chaiva mutumwa weZera reChechi yeRaodhikia? Achivadana kuti vabude muBhabhironi! Tarirai! Machechi akabatwa mukeji yaro pamwe chete naro, nedzidziso dzaro, achiramba Shoko uye achigamuchira dzidziso. Uyu ndiye mutumwa weChiedza kuchechi yeRaodhikia yakanga yaramba Kristu pamwe neShoko raKe, ichitora dzidziso, uye yakanga yaMuisa kunze. Uye Akamira pamusuwo, achigogodza, achiedza kupinda. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] Maona? Zera rechechi rakanga raramba Kristu, uye Kristu iShoko, uye rakanga raRiramba, uye Akanga ari kunze. Zera roga rechechi ratinara Kristu ari kunze, achigogodza, achiedza kupinda. [Hama Branham vanogogodza papurupiti.] Uye Mharidzo yemutumwa uyu, mutumwa akabva kuna Mwari, aiita maungira eMharidzo yake panyika, kuti “Budai muBhabhironi! Budai mumasangano!” Mweya Mutsvene nhasi, kuratidzwa kweMweya Mutsvene ndiye mutumwa uya ari kuedza kudzosera vanhu kuShoko, nokuti Mweya Mutsvene unosimbisa Shoko chete. Haukwanise kusimbisa dzidziso, hamuna hupenyu madziri. Ndiye Hupenyu. Cherechedzai, Zera reChechi yeRaodhikia rakanga raMuramba, rakaMusiyi, uye vakaMuisa kunze.

²¹⁹ Cherechedzai, mutumwa uyu ndiye mutumwa wekupedzisira Kristu asati auya muchitsauko 19 chaZvakazarurwa. Inzwi remutumwa! Kana tikacherechedza, paakapa Inzwi rake panyika, pakava neInzwi rakaita maungira zvakare Kudenga, ndima 4, kana muchida kuiverenga, zvakanaka, ndima 4, chitsauko 19. Mutumwa uyu aive panyika akanga akarerekerera pana Mwari kusvikira, paakazvitaure panyika, Mwari vakaita maungira ezvimwe chetezvo kubva Kudenga. Ndeipi dudziro iyoyo yendima 4? Inorevei? Inzwi raMwari richitaura kuvanhu vaVo vakatemerwa, richiti, “Budai kubva mariri!” Ndizvo chaizvoizvo zvaive Inzwi! Vane vanhu kunze kwese uko, kwese-kwese muBhabhironi. “Budai kubva mariri, kuti murege kuwadzana naro pazvivi zvaro,” hongu, changamire, kubva mudzidziso iyoyo nezvitendwa, kuenda kuShoko rakaitwa Mweya noHupenyu. Amen.

²²⁰ Cherechedzai, chitsauko 19 ndicho chinotevera, “Mushure mezvinhu izvi.” Macherechedza here pano muchitsauko 19, “Mushure mezvinhu izvi”? Tarisai chii? Mushure mei? Mushure meMharidzo yekuti “Budai kubva mariri!” “Mushure mezvinhu izvi,” tarisai, “ndiko kudandzira kwevatsvene Mwenga, pamwe neChikomba, vachienda kuMuchato weGwayana.” Tava pedyo zvakadzi zvino, hama? Ndekupi kudana kwekupedzisira? “Budai kubva muBhabhironi!”

²²¹ Zvino, hama dzangu, ndicho chikonzero ndichipesana nazvo. Hazvisi muMagwaro. Hazvisi zvepamavambo. Zvakaratidzwa kuti ndezvenhema. Mwari havasi mazviri, haVana kumbovamo, haVazombovamo. Zvino, handisi kuti hamuna vanhu

mumasangano aya, ndimo makagadzirwa chechi. Asi, chero bedzi uchiramba uri muhurongwa ihwohwo, uri chikamu chahwo.

²²² Kana ndichigara muUnited States, ndiri wemuAmerica. Chero bedzi ndiri mugari kana nhengo yeUnited States ino, ndiri chikamu chayo. Kana ndikaenda kuGermany uye ndosvikoramba hunhengo hwangu hwekuno, kana hugari hwangu, nditora hugari hwemuGermany, Handisisiri wemuAmerica, ndave wemuGermany. Uye kana ndikaenda kuJapan, kana chero kupi zvako, kuRussia, ndinova mugari weko.

²²³ Uye paunobatana nemugari. . . hurongwa, uye wova mugari wemuhurongwa ihwohwo, uri kuratidza zvauro. Uye mumazuva ano ekupedzisira, Mwari vari kudana vanhu kubva mariri. Bhaibheri rakataura kudaro, “Budai kubva mariri, kuti murege kuwadzana naro, zvino Ndichakugamuchirai. Musabata zvinhu zvake zvisina kuchena, munoono, uye Ndichakugamuchirai. Uye imi muchava vanakomana nevanasikana vaNgu, uye Ndichava Mwari kwamuri.” Maona?

²²⁴ Ndicho chikonzero ndaitaura ndichipesana nechechi, ki—kirabhu. Handikwanise kuidaidza kuti chechi. Pane Chechi imwe chete, ndiyo Chechi yeMutumbi waKristu. Asi makirabhu aya anonzi “chechi,” Bhaibheri rangu rinondiudza kuti mazita anomhura, ose zvawo, masangano ose. Chii chaari kumhura? *Kumhura* ndiko “kupesana ne,” kana, “kutaura zvinopesana.” Kana Mwari vachiti, “Huyai muzvarwe,” uye ivo voti, “Huyai mujoinhe.” Maona? Kana rubhabhatidzo rweMweya rwukatorwa zvenhema sechingwa muchechi yeKatorike, kukwazisana maoko muchechi yeProtestanti, uye manyawi muchechi yePentekosti, pachinzvimbo chaKristu Mbune achiuya nechivakwa chepiramidhi yose iyoyo yatakava nayo rimwe zuva.

²²⁵ “Wedzera pakutenda kwako, simba,” nezvimwe zvakadaro, zvose izvi zviri muna Petro Wokutanga, 1. . . Petro Wechipiri, ndinotenda, chitsauko 1, apo zvose zvinowedzera pakutenda kwako, zvinhu zvose izvi, humwari, nekuchena, nehutsvene, nezvose, uye wobva wasimbiswa neMweya Mutsvene.

²²⁶ Asi zvakangofanana nemumwe munhu ivo. . . vanhu vanoti vane izvi ivo vasina, nokuti vakadzidziswa zvenhema. MaMethodisti vanowana manzwiwo asinganzwisisike, vaisimbodaro, vozunguzika zvisihoma, kana—kana kutamba muMweya. MaPentekosti anotaura nendimi, kana—kana kuita chimwe chinhu chine manyawi. Ndinotenda zvinhu izvozvo, zvirokwasvo, asi zvinhu izvozvo pasina zvimwe izvi hazvina kunaka.

²²⁷ Sezvandakataura rimwe zuva, zvakafanana nepikoko. . . kana kuti shiri nhema iri kuedza kupfekedzera minhenga yepikoko mairi, kana gora riri kuedza kushandisa minhenga

yenjiva. Haina kumbomerera ipapo, rakaipfekedzera mukati pacharo. Vakasimwa, isangano. Asi kana Mwari vaisa chero chinhu imomo, zviru semasikirwo. Unozviita pachako kuti uti, “Ndakajoinha chechi manheru apfuura. Handichakwanisa kuenda zvachose, handichakwanisa kunwa zvachose, handichakwanisa kuita *izvi*. Ndakajoinha chechi.” Munoono, uri kuedza kuisa minhenga yepikoko mumutumbi wako wegora wakafa. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Maona? Unofanira kuzvarwa patsva! Unofanira kugamuchira Kristu. Uye kana wagamuchira Kristu, haugoni kugamuchira Kristu usingagamuchira Shoko raKe, nokuti iYe iShoko. Uye kana uine chimiro chehumwari, uye woRiramba, zvararo handichazivawo. Maona? Uye unogona kuramba uri wesangano rose raunoda kuva uye wova nechimiro chehumwari, asi wongwe usinaRo.

²²⁸ Zvino, hezvoka izvo, shamwari. Hecho chinhu chacho chose. Mwari vakuropafadzei. Mwari vakubatsirei. Handitauri izvi kuti ndive ndakasiyana. Ndiri kujekesa pane zvandataura. Rino zvariri remazuva ekumiswa kwehondo, handisi kusainirana chibvumirano cherunyararo nemi vashumiri, kwete zvachose, ndinofunga kuti ndimi munofanira kuuya mosainirana neni; kwete neni, asi naMwari, Shoko. Ndizvozvo. Ndizvozvo. Taura zvinotaura Bhaibheri, Ritaure nenzira yaRinotaura naRo. Nokuti Bhaibheri rakati, “Uyo achabvisa kana kuwedzera pamwepo.” Uye munoono, sangano harisi mumagwaro, uye kana wagamuchira dzidziso yekutanga wochitongodzokera hako nzira yose kumashure, nekuti wayambuka mutsara ipapo chaipo. Kana wadzoka pakuzvarwa patsva, zvino uchafamba uchipinda muGwaro.

²²⁹ Uye ukapinda musangano, vanoti, “Ndinoziva, hatitendi mune *izvi*. Mabhisopi edu muchechi yedu anodzidzisa kuti tiri imwe yemachechi ekaresa. Isu hatidzidzisi...” Handina basa nezvavasingadzidzisi. Kana Bhaibheri richizvidzidzisa, Mweya Mutsvene uri mauri Uchadya paShoko. Hazvina basa kuti munhu akangwara sei uye kuti angaedza sei kuRishaisa maturo nekutsanangura, vanogona kutsanangura zvisizvo. Munhu asingatendi anogona kutora Bhaibheri oshaisa Mwari maturo kwauri netsanangudzo.

²³⁰ Naizvozvo, hapana munhu ane mvumo yekuparidza Evhangeri kunze kwekunge akambova, saMosesi, kumashure uko pajecha riya rinoyera apo iye naMwari vakamira vari voga, kusvikira munhu azvarwa patsva omira ipapo akatarisana chiso nechiso naMwari, uye oziva. Hapana munhu asingatendi, hapana zvekuverenga pfungwa, hapana kutsanangura, hapana mudzidzi munyika anogona kubvisa Izvozvo pauri. Wakange uripo pazvakaitika! Hongu, changamire. Unoziva zvakaitika.

²³¹ Unobva wati, “Ndakava nemhando yechiitiko chakadaro, uye ndakawana mweya pandiri.” Uye kana ukaramba Shoko neimwe nzira, une mweya wakatsveyama. Unoti, “ini—

ini handifariri zvinhu izvi seiZvi. Ndinoziva, asi chechi yedu...” Uh-uh, pane mweya wakatsveyama. Herwo rupawo rwekucherechedzwa kwako. Kaini, wakaiswa rupawo. Hongu, changamire.

²³² Evha akangopokana Shoko rimwe diki; kwete zvese zvakataurwa naMwari, Shoko rimwe chete diki, uye zvikakonzera kwese kurwadziwa kwemoyo nekupamuka kwemoyo, uye nerufu, nechivi, nehondo, nezvimwe zvinhu zvoze, guva rose, amburenzi yese yakamborira, chipatara chese chakavakirwa vanorwara. Kupokana kwake kudiki kumwe chete kuShoko diki raMwari rimwe chete, kwakakonzera zvese izvi. Zvino akadziringirwa kunze, apo izvi zvaisatombofanira kunge zvakaitika. Ko uchapinda sei, uchipokana Shoko rimwe chete raRo? Woti, “Ndinoziva kuti Rinotaura *iZvozvo*, asi iRo...” Rinongoreva *iZvozvo*!

²³³ Zvino tarirai. Mwari vanofanira kutonga nyika nechimwe chinhu. Haugone kupa mutongo kunze kwekunge watanga wava nemurairo. Panofanira kuva nechimwe chinhu, unofanira kutyora chimwe chinhu kuti ugotongwa. Maona? Uye zvakare hapagoni kuva nekutongwa, nemazvo, pasina murango. Zvino, munooona, hamungave nemutemo muguta unoti “faindi yemadhora mashanu ukadarika nemurobhoti dzvuku,” uye mutemo unotevera woti “kwete, anogona kuenda hake akasununguka.” Munooona, haugone kuita izvozvo. Saka hapagoni kuva nemitemo miviri inenge iripo panguva imwe chete. Zvino kune murairo mumwe chete, Mwari vamwe chete, Bhuku rimwe chete, Kristu mumwe chete. Ndizvo zvoga. Kutenda kumwe chete, tariro imwe chete. Ndizvo zvoga. Ndiri Bhaibheri, Kristu.

²³⁴ Cherechedzai zvino, mune izvi, kana paine chinhu chawedzerwa kune iRi, chinofanira kunge chawedzerwa nemunhu. Hazvikwanise kuva zvinopfura... .

²³⁵ Uye kana Mwari vari kuzotonga nyika nechechi, sekutaura kunoita Katorike, saka ichechi ipi yeKatorike yaVachazoitonga nayo? Kune dzakawanda dzawo; kune imwe, yechiRoma; imwe, Giriki; uye, oo, kune mhando dzose dzakasiyana-siyana. Ichechi ipi yeKatorike yaVachazoitonga nayo? Kana kuti, pamwe Vachaitonga neLutherani? Hameno, ipapo, uye zvichida Vachaitonga nePresbyteriani? Maona? Chii chaVachaita? Havasi kuzoitonga nechechi. Vachaitonga neShoko raVo. Saka, zvino, haVana kumbobvira... .

²³⁶ Munooona, haVakwanise kuchengetedza boka revanhu, sechiratidzo chehanzvadzi humwe husiku, Mweya Mutsvene wakadururirwa mukati, Wakapfura nemubhokisi riya chaimo. Chokwadi, hapana chinoUbata. Munhu pachake. Wakapihwa kuti uchenese chechi, asi haigoni kuUbata. Hapana sangano rinogona kuUbata. Ndizvo zvoga. Haringokwanisi kuzviita. Une zvese zviriri imomo, uye haugone kuzviita. Sangano harigone

kuzviita. Asi munhu pachezvake ane Mweya Mutsvene. Zvino cherechedzai.

²³⁷ Zvino kana Mwari vachizotonga nyika neShoko raVo, zvino zvirokwarzvo VakaRirinda nekuRichengeta riri muchinhano charo. Kana kuti, toti Rose rakanyonganiswa, ko Vachaunza kutongwa sei? Maona? Chinofanira kuva chimwe chinhu. Uye haVana kumboti, “Ani naani, kubudikidza nechechi.” Vakati, “Ani naani achabvisa Shoko rimwe kubva pane iRi, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, mumwe cheteyo achange achibvisa (chikamu chake) kubva muBhuku reHupenyu.” Saka, kwandiri, ndiMwari, Shoko raVo uye nemutongo. Zvino, kana ndikatonga uye nekugamuchira Shoko, uye ndoona kuti Kristu akandifira, ipapo ndichakumbira Hupenyu hwaKe kuti hupinde mukati uye hunditungamirire. Zvino kana Hupenyu hwaKe huri Shoko, uye Akanyora Shoko, ko Hupenyu hwaKe hunogona sei kuva mandiri, uye ini ndichiti ndine Mweya Mutsvene, uye ndichiwedzera dzidziso pachinzvimbo cheShoko? Hazvingamboshanda. Ndingawedzera sei sangano iVo vachipesana naro, uye ndokuzviratidza, nekuzvionesa kubudikidza nemunhorondo, kuti pese pavanoita sangano vanofa, pamweya? Oo, vanowedzera nhengo, chokwadi. Ndizvozvo. Vanowedzera nhengo. Asi, pamweya, hapana kwavanoenda. Ndiratidzei, ndiudzei munhorondo chero hapo chechi iyo. . .Mushure mekunge yaita sangano, yakafira ipapo, Mweya Mutsvene ukaisiya. Hapasisina zvachose zvishamiso nezviratidzo, uye yakabva yangopinda munyonganyonga.

²³⁸ Ndizvo chaizvo zvakaitika kumachechi edu ePentekosti. Vakaita chaizvo zvakaitwa naamai vavo. Pakutanga, vakabuda, vanhu vakaramba masangano. Zvino, vamwe venyu imi hama dziri kuteerera kutepi iyi, vamwe venyu imi varume vatana, munoziva kuti makore akapfuura, makore makumi mana, makumi mashanu akapfuura, kana dai vakataura nemi pamusoro pesangano, mungadai makati kwaive kumhura. Asi nhasi mava nhengo yemuchinhu chamaifunga kuti kwaive kumhura. Imi madzimai anogera bvudzi renyu nokupenda kumeso kwenyu, amai venyu vaipikisana nazvo, mutsvene iyeye akanaka—akanaka wekare wepentekosti. Chii chakaitika kwamuri? Pauro akati, “Makamhanya zvakanaka, chiiko chakakudzivisai?” Maona? Kareko mainge makasununguka kubva kuzvinhu izvozvo, asi makada kufanana nevamwe vose.

²³⁹ Ndizvo chaizvo zvakataurwa naSamueri. Israeri yakanga ina Mambo, uye akanga ari Mwari. Ivo ndokuti, “Samueri, wava kuchembera. Tiitire mambo, tinoda kufanana nedzimwe nyika dzose. Tinoda kufanana nemamwe marudzi. Tinoda mambo anotiendesa kuhondo, tinoda mambo anogona kurwa hondo dzedu.” Zvino hazvina kufadza Samueri.

²⁴⁰ Akati, “Pane here chandakambokutorerai? Ndakambokutorerai mari venyu here? Ndakambokukumbirai

here mombe kana chimwe chinhu? Pane chandakambokukumbirai here?”

Vakati, “Kwete. Hamuna kumbotikumbira chinhu.”

²⁴¹ Kana kuti ndokuti, “Pane zvandakambotaura kwamuri here muZita raShe kunze kwezvakaaitika?” Ndizvozvo here? Akati, “Zvino musagamuchire mambo iyeye, nekuti zvichareva nyonganyonga kwamuri.”

²⁴² Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu, Branham Tabhenakeri. Mava kugadzirira kukura kuita tabhenakeri huru zvino. Ndinogona kunze ndisipo kwechinguva. Ndinogona kuenda kune imwe nzvimbo. Zvakaoma kuziva uko Ishe vachandidanira; pamwe kubva pano zvachose, pamwe kudzokera kumunda wekuvhangeri, pamwe Vanogona kundidanira murenje. Handizivi kwaVachandidaidza kusvikira Jesu achiuya. Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Pane chandakambokukumbirai here? [Ungano inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Ndakambokukumbirai mari here? [“Kwete.”] Pane zvandakambokuudzai here, pane zviuru zvezvinhu zvandakakuudzai muZita raShe, asi, hazvina kuitika here? [“Ameni.”] Zvino musambofa makajoinha sangano. Rinopesana neShoko raMwari. Buda kubva mariri kana uri mariri, uye uve wakapatsanurwa wogamuchira Shoko raShe.

Ngatikotamisei misoro yedu.

²⁴³ Mwari vakuru vevaporofita, Mwari waAbrahama, Isaka, newaIsraeri, wedzerai simba, Ishe, kuMharidzo iyi duku yakagurwa-gurwa yanga iri pamoyo wangu kwenguva yakareba, kuti iende kuhama dzangu. Vazhinji veavo vari kunze uko, Ishe, vane maonero asiri iwo pamusoro pangu. Vanofunga kuti ndinoda kuva ndakasiyana. Vanofunga kuti ndiri kuedza kuva muziva-zvose. Vakaudza vanhu kuti ndinonyengera vanhu, kunyanya panyaya dzakadai *serubhabhatidzo rwemumvura muZita raIshe Jesu*, uye napamusoro pembeu *yenyo*, *mhombwe huru*, uye mune mazhinji ematepi iwayo akabuda kunze asina chimwe chinhu kunze kweChokwadi chisina kusvibiswa. Uye ndakavakumbira kuti, “Vamwe venyu huyai mudiratidze pandiri kuita chivi, kana pandisiri kutenda kana pandiri kududzira Shoko zvisiri izvo.” Zvino hapana kana akauya. NdinoKukumbirai, Baba, itai kuti varume ava vazive kuti vari kupotsa nguva. Vachamirira nguva yaperi, kana vakasatarisa. Dai ivo, mumwe nomumwe. . .

²⁴⁴ Ishe, ndine chokwadi cheizvi, moyo wangu ungatsemuka dai Gwaro iri raive risiri rechokwadi kwandiri, paMakati, “Vose vaNdakapihwa naBaba, vachauya. Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Zvino, Ishe, ndinofungidzira kuti Humambo ndehwechokwadi sezvaMakataura, ndinoziva kuti hwakadaro, hwakaita somurume akatora mambure ndokuenda kudziva, akakandira mambure ndokukweva mhando dzose. Paive,

pasina kupokana, nehove dzinodya dzimwe, paive nekamba dzemumvura, mabuwebuwe emvura, nyoka, zvose zvakabatwa nemambure eVhangeri. Asi pakupedzisira, mbaimbai, gakanje rakadzokera mumvura zvakare, kamba yemumvura yakabva, nyoka yakashita ndokudzokera mugomba remadhaka, sembwa kumarutsi ayo kana nguruve kumatope ayo. Asi paiva nehove chaidzo ipapo, Ishe. Zvino ndine nyaradzo iyi, yekuziva, kuti kunyange mambure asati asvika nepamusoro padzo, dzakange dzitori hove nakare. Dzakaberekwa, dzakatemerwa kuve hove. Uye ndizvo zviriri mambure eVhangeri anobata murumutsiriro. Munoziva vari veNyu pacheNyu. Chinhu choga chandine mungava nacho, Baba, sekuziva kwangu, kugara ndakatendeka kuShoko iri. Imi ndiMi Munosarudza kuti ani ndiani. Uye ndinozviziva izvozvo sezvakangoitawo kamba yemumvura isingagoni kuva hove yemuraraungu, naizvozvowo murume kana munhu, ane nzeve dzisinganzwe Evhangeri, haakwanisi kumbonzwisisa Chokwadi. Nokuti Baba vakafanoona izvi, uye iMi makavimbisa kuti vose vaVanoKupai vaizouya.

²⁴⁵ Baba voKudenga, ndinoKukumbirai kuti munhu wose anonzwa Mharidzo diki iyi, kuti muChiedza chayaparidzirwa machiri, uye nezvazvinoziva zvandinazvo mumwoyo mangu kune hama yangu, vanhu vaMakafira. . . Uye nevarume, vamwe vavo vari kunze uko, Ishe, sevaive muboka raKora, varume vechokwadi, vakatungamirirwa zvenhema, vaine mudziyo mutsvene wekupfungaidza muruoko rwavo, asi vakaparara. Handiti, havana kutendera kunyange mudziyo wekupfungaidza wemoto kuti upinde navo; Mwanakomana waAroni, Erezari, akatozoiunganidza. Zvino vakaitawo chiratidzo cheartari nemidziyo iyoyo, nhowo, yokuratidza nayo, uye kuti ive chirangaridzo chechinhu ichocho chinonyangadza, chokuti Kora akaedza kuita boka resangano rinopesana nemutumwa waMwari. Tisambofa takadaro, Ishe. Dai Mweya Mutsvene watichengetedza nguva dzose.

²⁴⁶ TinoKutendai, Ishe, kuti chechi yedu diki, temberi ino diki yakayereswa. Makore mazhinji akapfuura, makore makumi matatu neanoraudzira, ndakapfugama muchidziva pano chizere nemasora nehunoro, uye tikakumikidza nzvimbo iyi kwaMuri, chivakwa chidiki ichi. Uye uko mukona iyo yetabhenakeri mune chiratidzo chiya. Chakaitika chaizvo-chaizvo. Chichiripo. Havasi kuzoiputsira pasi, Ishe, vachango. . . yava kuchembera, uye ivo vachangoichengetedza nekuisa imwe nepamusoro payo. Mwari, itai kuti Evhangeri iyi yakaisvokosha yakanyorwa mumapeji ari pano, dai Ikasambofa yakasiya chechi duku ino kusvikira Kristu achiuya. Dai nhengo yega-yega, nhengo yese yeMutumbi waKristu, vanouya pano vachibva kwese-kwese munyika uye nepasi rose, dai mumwe nomumwe wavo agamuchira Chiedza, Evhangeri, uye ofamba maChiri uye agamuchire Kristu.

²⁴⁷ Uye dai zvikave zvezvirokwazvo zvekuti Mashoko aKe anoitika, “Mabasa aNdinoita, naiwo vachaaitawo zvakare. Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kuna iYe akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi.” Uye kana Hupenyu Husingaperi hwapinda, vanozvarwa kubva Kumusoro, uye mabasa anobva kuna Mwari anozviratidza, nokuti Hupenyu humwe chete hwaiva maAri. Haugoni kuita chimwewo chinhu.

²⁴⁸ Saka, Baba, chechi ino ngaisambozorodza magumo ayo eKusingaperi pane zvinotekenyedza, pane sanganano, pane chero chinhu chisiri Kristu pachaKe achigara mavari, achisimbisa Shoko raKe kubudikidza nemavari uye nevimbiso yaKe. Dai, kubva kumwana mudukusa pano manheru ano, kusvika kumunhu mukurusa, agamuchira chitiko ichi. Uye dai murume wose kana mudzimai, mukomana kana musikana, anonzwa tepi iyi, dai zvave saizvozvo kwavari, Ishe, uye ndivape kunzwisisa kuti ndiri kungoyedza kuvayambira nekudanira kunze, nokuti nguva ino yapera kupfuura zvatinofunga.

²⁴⁹ Uye tinoona Bhabhironi, amai mhombwe, navanasikana varo vose zvipefe vachiungana pamwe chete. Mwari, tinocherechedza kuti Gwaro rinoti masawi anobva mumunda wegorosi achatanga kusungwa, muzvitsumbu. Uye vakasunga mumatsumbu, vachizvidaidza pachavo mazita anomhura asinei chaizvo nechekuita navo, hazvinei nechekuita neChechi, zvakare; iwo makirabhhu, kwete machechi. Pane imwe chete yawo, Baba, uye ndeiYo yaMakafira.

²⁵⁰ Uye ndinonamata, Baba, tichivaona vose vachisungirirwa muchitsumbu zvino kuitira moto weatomiki munguva pfupi iri kutevera, Ndinonamata, Ishe, kuti Muite kuti gorosi risvike uye rireme. Zviitei, Ishe. Dai tikakura uye tipenyese Chiedza, uye tive saJesu, “Kana Ndikasaita zvinhu izvo Mwari vanoda kuti Ndiite, zvadaro haNdina Hupenyu maNdiri. Asi kana Mwari vakataura uye voratidza Hupenyu hwaVo, zvino iZvozvo zvinovitaurira Zvega.” Zviitei, Ishe. Ndinokumikidza Mharidzo iyi kwaMuri, uye kuti MuIrinde, uye muunze makumi ezviuru, Ishe, kana, vana veNyu vose vakafanotemerwa kuEvhangeri. Muna Jesu Kristu, Uyo anova Shoko, muZita raKe ndinonamata. Amenii.

Ndinoda . . . , ndi . . .

Nekuti . . . kutanga kundida

Ndokutenga ruponeso rwangu

Pamuti weKarivhari.

²⁵¹ Ndichabvunza mubvunzo. Vangani manheru ano muungano ino inooneka pano, yechechi ino huru yakanaka yevanhu, kana kuti imba yevanhu, waro, munzvimbo ino yekunamatira, unotenda nemoyo wao wese, hupenyu hwako hunoenderana nezvinodiwa (iwe) zvaMwari neBhaibheri, uye unozvitenda izvozvo, nokutarisa hupenyu hwako pachako, uye uchiona mafambiro ari kuita Mweya mauri, kuti unotenda Shoko rose nenzira yaRakanyorwa nayo, uye nokuRichengeta? UnoRitenda

here? Mwari vakuropafadze. NgaVagare vakachengetedza Mweya waVo uri pauri.

²⁵² Uye kushamwari yangu iri patepi, ndinoshuva kuti dai watarisa pano muungano iri pano manheru ano, ndinofungidzira kuti zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zvevanhu vanga vakasimudza maoko avo, kuti vatenda uye ndokutarisa Bhaibheri, (kwete zvinotaurwa nechechi) zvinotaurwa neBhaibheri, (kwete zvinotaurwa nekirabhu) zvinotaurwa neBhaibheri, uye vanoona Hupenyu hwaKristu huchiratidzwa maRiri.

²⁵³ Munoziva, mumazuva ekare vasati vave nezvinonyungudutsa simbi, mhi—mhizha yendarama yaitobhomodza ndarama nenyundo. Ndinofunga makambonzwa nezvazvo. Isati yave kuenda kunonyungudutsa, vaitoibhomodza. Uye ndarama ndicho chinhu chinonyanyisa kurema, inorema kupfuura mutobvu. Uye saka ndakamboita zvekutsvaka zvicherwa zvishoma, uye unogona kutora jecha munzvimbo inomboyerera mvura mumagwenga, wokwizira ruoko rwako pamusoro pejecha, wobva wati, “fuu,” wofuridzira *saizvozo*, zvino guruva nezvose zvinopepereka zvichienda, matombo, asi ndarama inorema zvekuti inosara iri ipapo. Uye zvakare kana ukanhonga ndarama iyoyo, inenge yakungurutswa nemune tsvina yakawanda kusvika yaungana yakawanda. Uye kuburikidza nemumazera ekunyungudika kwematombo epasi payaiungana, yakawana marara nezvose, iron pyrite nezvimwe zvinhu zvakasanganiswa nayo. Mhizha yendarama iyi yaitora chigodo chendarama ichi yochibhomodza uye yochipindura, yochibhomodza ichichipindura, kusvikira yarova ichibuditsa tsvina yose kubva machiri. Uye munoziva here kuti aiziva sei kuti akanga abvisa tsvina yose? Aiona mufananidzo wake pachake uchiratidzwa mairi.

²⁵⁴ Uye ndiyo nzira iyo Mwari vanoita nayo Chechi. Vanorova zvitendwa zvose, sangano rose, dzidziso dzose dzakaitwa nevanhu, kusvikira Vaona Hupenyu hwaVo pachaVo huchiratidzwa mauri. “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda.” Maona? Kana izvo zvakatemerwa kuChechi, Hupenyu hwaive muna Kristu husingaratidzwi mauri, usaramba wakamira kana usina kutsungirira, simba, zvinhu zvose izvi, nekuzvidzora, ne—nezvinhu, nehumwari, nemutsa kuhama, nezvinhu zvose izvi zvinotarisirwa kwauri. Zvisinei nekuti waitei, zvisinei nekuti wadanidzira zvakadini, kuti machechi mangani awajoinha, minhenga mingani yawazvipfekedzera mauri, usazviite. Mira kusvikira chaizvoizvo, zvichibva mumwoyo mako, unokwanisa kuregerera, kusvikira mumoyo mako wava nemutsa kuhama. Hazvina mhosva kana vakadzura chanza chizere chendebvu kubva kune rimwe divi, unogona kutendeudza rimwe dama mukutapira, munoona, kusvikira hunhu ihwohwo, zvisinei kuti vanotii kwauri.

255 PavakaMumoneredza chidhende kumeso kwaKe uye vakaMurova mumusoro, ndokuti, “Zvino, vanondiudza kuti Uri Muporofita.” Zvino ndokubvisa nesimba chidhende paAri, uye mumwe wavo aive akabata chimuti, akati, “Ndiani wedu aKurova? Porofita uye utiudze, kana kuti, tinobva tatenda kuti Uri Muporofita.” Haana kumbovhura muromo waKe.

256 Kana ukanzwa muporofita achisimuka, ane mhinduro dzese kune ese masaramusi ose aunogona kuunza, rangarira, iyeye haasi muporofita. Nhasi vanofanira kuziva zvose, apo pauchava nezino rinorwadza uye nepauchange uchirwadziwa nemudumbu, nezvimwe zvese, uye vokuudza zvese nezvazvo. Iwoyo hausi hunhu hwaMwari vedu. Tarisai vaporofita, tarisai Jesu.

257 Tarisai Pauro, apo aikwanisa kurova munhu nehupofu, ndokurega mupfuri wemhangura achimudzingira kunze kwenyika, “Ndinofungidzira kuti akarasikirwa nesimba rake rekurova nehupofu.”

258 Jesu, Uyo aigona kumutsa vakafa, asi zvakadaro ndokuti... Musoja akadhakwa akamupfira mate kumeso kwaKe, nekukokera makararwa nokuapfira uye nekudzura ndebvu pachiso chaKe, nekuMurova mumusoro, nechidhende chakaMumoneredza, akati, “Porofita uye utiudze kuti ndiani aKurova.” Uye haana kuvhura muromo waKe.

259 Musatarise vaiti vemasaramusi vese ava. Asi rangarirai, vari kungotaura, dhora renhema rinongotaura kuti pane rechokwadi pane imwe nzvimbo. Ukaona zvinhu zvemasangano izvi zvichikura uye zvichibudirira, sekutaura kwarakaita “humhizha hwaizobudirira muruoko rwake,” ingorangarirai, pane Chechi diki yaMwari pane imwe nzvimbo, zvirokwasvo yakazadzwa neMweya Mutsvene, wechokwadi, iri kukwira pamanera. Musatarise sangano guru.

260 Ndeipi chechi huru inotaurwa nezvayo muBhaibheri kupfuura chechi yeEfeso? Zvino Pauro paakapfuura nekumhenderekedzo dzekumusoro kweEfeso, ndokuuya kuchechi iyi, makanga muine varume gumi nevaviri mairi. Ndizvozvo. Zvino vose vakanga vari vanhu vakanaka, vaidanidzira uye vachiva nenguva huru, asi vakanga vasati vagamuchira Mweya Mutsvene. Pauro akati, “Hamusati magamuchira Mweya Mutsvene kubva zvamakatenda here?”

Vakati, “Nhai, tanga tisingazivi kuti kune Mweya Mutsvene.”

261 Akati, “Zvino makabhabhatidzwa sei?” Kana zvisina kuita mutsauko, ko akati kudini kuchechi iyoyo ikoko?

262 Vakati, “Takatobhabhatidzwa nemumwe wevarume vakurusa vakambomira panyika, Johane Mubhabhatidzi, uyo akabhabhatidza Ishe vedu. Kubhabhatidzwa ikoko hakuna kukwana here?”

263 Akati, “Kwete, changamire. Munofanira kubhabhatidzwazve zvakare, nokuti Humambo hwakapfigwa kune chero chimwe chinhu zvacho.” Zvino pavakanzwa izvi. . . Akati, “Johane akabhabhatidzira bedzi kutendeuka, kwete kukanganwirwa kwezvivi, achitaura kuti munofanira kutenda kuna iYe anouya, ndiko kuti, pana Jesu.” Zvino pavakanzwa izvi, vakabhabhatidzwa zvakare muZita raJesu Kristu. Ndizvozvo chaizvo. Ndizvo chaizvo. Vakatevera Gwaro.

264 Munoziva, mukukumikidza mangwanani ano, Mosesi akatevedzera muenzaniso waakaona Kudenga, ndokudzika tende richimirira. Soromoni paakavaka temberi, iye (chii chaakaita?) akatevera muenzaniso uyo Mosesi, netende, achichengetedza Rugwaro mumutsara.

265 Uye Mwari pavanouya kuTemberi yaVo mumazuva ekupedzisira, Temberi iyi, Mweya Mutsvene, “MakaNdigadzira mutumbi,” Mweya Mutsvene wakawa paZuva rePentekosti, mharidzo yaiva yokuti, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, uye muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene. Nokuti vimbiso ndeyenyu nekuvana wenyu, neavo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.” Kana muchida kudaidza mushumiri wenyu kuti chiremba, Chiremba Simoni Petro akanyora gwaro remushonga wokurapa, gwaro remushonga raZiyendanakuenda. Ndiro rinorapa vanorwara.

266 Regai vamwe veava vanopa mushonga venhema vachiedza, nesangano, kuugadzira neimwe nzira, ndicho chikonzero vaine. . . Munoziva, kana ukasawedzera. . . ukawedzera zvakawandisa pamushonga wacho, unogona. . . chepfu yakawandisa, unogona kuuraya murwere wako. Kana ukasaisa inokwana mauri, iwe. . . kwete kuitira mushonga, kana ukasadaro, hauzobatsire murwere wako. Chiremba wako anonyatsoziva manyorerwo egwaro remushonga wokurapa.

267 Uye Kristu, Mweya Mutsvene, ndiye Munyori weGwaro remushonga wekurapa, uye AkaRinyora. Usawedzera kwaRiri kana kuRibvisa kubva kwaRiri, ingotora Mushonga sezvauri. Ndiwo Mushonga wezvire zvese. Mwari vakuropafadzei. Munoziva here? Amen.

NdinoMuda, ndi. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]
 Nokuti ndiYe akatanga kundida
 Ndokutenga ruponeso rwangu
 Pamuti weKarivhari.

268 Zvino tichirwuimba mahon’era, zvino tendeuka ukwazisane maoko newaugere naye ipapo. Oo, mufambiwo zvakare, ari kupfuura.

NdinoMuda, ndi... (...?...izvozvo
zvakanaka kwazvo.)

Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga...ruponeso

(Huyai nemunzira iyi yepakati pemacheya. Hongu, maita henyu, hama yangu.)

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

NdinoMuda,
Ngatirwuimbei zvino.

NdinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁶⁹ Zvino ngatikotamisei misoro yedu, tivhare meso edu, tisimudze maoko edu namanzwi edu kuna Mwari zvino, ndichikukumikidzai kumufundisi. Tinofara kuva nemi pano. Isu hatisi sangano. Hatina murairo kunze kwerudo, hatina chitendwa kunze kwaKristu, hatina bhuku kunze kweBhaibheri. Hapana hunhengo; kungowadzana kuburikidza neRopa raJesu Kristu rinotisuka kubva pakusatenda kwese.

²⁷⁰ Zvakanaka, tose pamwe chete zvino.

Ndi... , Ndi...

Mwari vakuropafadzei. Dzokai mutishanyire zvakare.

Nokuti ndiYe akatanga kuda...

Zvakanaka, mufundisi. Magadzirira here? Mwari vakuropafadzei.

Uye...



CHIKONZERO SEI NDICHIPESANA
NECHINAMATO CHAKAITWA SANGANO SHO62-1111E
(Why I'm Against Organized Religion)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Mbudzi 11, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org